

ЛъагъуэщIэхэр, гъуэгущIэхэр, дунеищIэхэр

2-нэ нап.



ГъащIэращ зызыхуэдгъасэр - еджапIэракъым

3-нэ нап.



Москва - Брест

4-нэ нап.



Бахъсэндэсхэм «Тэрчыр» зыкIэрагъэху

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№70 (24.352) ● 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Ди хьэщIэ лъапIэ «Ислъэмей»



4-нэ нап.

## Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингушымрэ я лIыщхьэхэр Налшык щызэIуощIэ



**Ингуш Республикэм и Унафэщ I Калиматов Мэхьмуд-Алийрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Налшык щызэIущIащ цIыхубэ гъащIэмрэ экономикэмрэ ефIэкIуа зэрыхъунум тепсэлъыхьын мурадкIэ.**

ИНГУШЫМРЭ КъБР-мрэ зэгъусэу зэлэжь проектхэмрэ мэкъумэш хозяйствэм зиужьа зэрыхъунумрэ гулъытэ нэхъыбэ хуащIу зэпсэлъащ республикитIым я лIыщхьэхэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, джэд щагъэхъу, джэдылым щелэжь IуэхущIапIэхэр къызэрызэIуахынум, Iэщ лъэпкъыфIхэр зэрагъэбэгъуэнум, абыхэмкIэ зэрызэхъуэжэнум ятеухуа жэрдэмхэр къаIэтащ. ЗэIущIахэм IэщIагъэлIхэр зэдагъэгуэшэну мурад ящIащ жыг гъэкIыным, хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ ирахьэлIэ Iэмалыф IхэмкIэ. ЩIэуэ къыхалъхьа Iуэхущ Ингушым ерыскъыпхъэмрэ промышленность псынщIэмкIэ и IэщIагъэлIхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ еджапIэхэм щагъэхьэзыр, я щIэныгъэм щыхагъахъуэ зэрыхъунур.

РеспубликитIым я унафэщIхэм Iэмал хъарзынэу къалъытащ я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ хъун папщIэ, щIыналъитIым щэнхабзэм, спортым, егъэджэныгъэм я лъэныкъуэкIи зызэпащIэныр. ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щекIуэкI лэжьыгъэхэм, абы цIыхубэ гъащIэмрэ экономикэмрэ щызыхуигъэувыж къалэнхэм зэрытрагъэхуэным хущIэкъунущ.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

## КъэхутэныгъэщIэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу КъБКъУ-м ИнформатикэмкIэ, радиотехникэмрэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и институтым иджыблагъэ студентхэмрэ къэхутакIуэ ныбжьыщIэхэмрэ я XXXI щIэныгъэ-техникэ зэIущIэр щекIуэкIащ.**

ИНСТИТУТЫМ и унафэщI Шэрджэс Наталье зэрыжиIамкIэ, щIэныгъэ-техникэ зэхуэсыр хуэунэтIащ а IэнатIэм щылажьэхэр нэIуасэ зэхуэщIыным, техникэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ щыIэ иджырей щIэныгъэм щекIуэкI къэхутэныгъэщIэхэм еджакIуэхэмрэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ щыгъэгъуэзэным.

КъэхутакIуэхэм щIэнIуатэм къыхалъхьа лэжьыгъэхэр щIэныгъэ унэтIыныгъитIым ипкъ иткIэ ягъэхьэзыращ. «Электроникэмрэ наноэлектроникэмрэ я физикэ лъабжьэхэр. Технологием и электроIэмалхэмрэ зэрызэхэт пкъыгъуэхэмрэ» къудамэр иригъэкIуэкIащ техникэ физикэмрэ есэп щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дедков Георгий. «Информацэ шынагъуэншагъэр къызэрызэрагъэпэщ Iэмалхэр. РадиоэлектроIэмалхэр зэрагъэпсымрэ зэрызэпкъралъхьэ щIыкIэхэмрэ» къудамэм и унафэщIу щытащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Мустафаев Хьэсэн.

КъэпщытакIуэхэм я пащхьэ къралъхьа лэжьыгъэ 33-р бакалавр икIи магистр лэжьыгъэхэм ящыщ Iыхьэщ. НыбжьыщIэхэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр IэщIагъэмкIэ зэрагъэгъуэта есэныгъэм и щыхьэтт, я щIэныгъэм хагъэхъуэну, адэкIэ аспирантурэм къыпащэну зэрыщытым и шэсыпIэт.

Электротехнологием кIуэ пэтми щIэныгъэм тепщэныгъэ зэрыщиубыдыр къэплъытэмэ, къэхутакIуэ ныбжьыщIэхэм ягъэхьэзыра къэпсэлъэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIащ. ГъэщIэгъуэнщ, псалъэм папщIэ, дунейпсо радиоэлектропромышленностым къыщыщIагъэкI IэмэпсымэхэрзэребгъэфIакIуэ, уеблэмэ хьэпшыпыщIэхэр бгъэхьэзыр зэрыхъунум теухуа къэпсэлъэныгъэр. Зэныкъуэкъу хъарзынэ къикIащ радиоэлектроIэмэпсымэхэмрэ ахэр зэрызэпащIэ электроIэмалхэмрэ IэнатIэм хыупщэ зэрыхъуну технологиещIэхэм теухуа къэпсэлъэныгъэм.

Электроникэмрэ бжыгъэрылъанэ технологиехэмкIэ кафедрэм и унафэщI, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ТIэш Руслан къызэрыхигъэщамкIэ, лэжьыгъэ нэхъыфIхэр зи IэдакъэщIэкIхэм КъБКъУ-м и фIыщIэ тхылъхэр иратынущ, я диплом лэжьыгъэхэр щыпхагъэкIкIи, ахэр щIэгъэкъуэн хъарзынэ зэрыхъунури къыхигъэщащ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

## Япэ санитар авиацэ

**«Япэ медико-санитар дэIэпыкъуныгъэ щыхуащIэ IэнатIэм зегъэужьын» федеральнэ проектыр зэрагъэзащIэм ипкъ иткIэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм «Ростех» къэрал корпорацэм Лъэпкъ санитар авиацэмкIэ и IэнатIэм и деж «Ансат» жьыхулъатэм и сыхьэт бжыгъэ щхьэхуэхэр щызыIэригъэхьащ. Абы текIуэдэну мылъкур республикэ, федеральнэ бюджетхэм къыхэкIынущ.**

АР Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм хэхуахэм защIэгъэкъуэнымрэ медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ и центрым иджы япэу яIэ хъуа санитар авиатранспортщ. Абы Iэмал къаритынущ къызэрымыкIуэ щытыкIэ хьэлъэм ихуа, республикэм тыншу бгъэдыхьэпIэ зыхуумыгъуэтыф и щIыпIэхэм щыIэ сымаджэхэр санитар-авиацэмкIэ кърагъэлыну, къищынэмыщIауэ, псынщIэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэр гъунэгъу щIыналъэхэм нагъэсыну. Лэжьыгъэм къра-



шэлIэнущ Iуэхугъуэ щхьэхуэм хухэха мобильнэ медицинэ гупым хэт анестезиологхэмрэ реаниматологхэмрэ.

«Ансат» жьыхулъатэ псынщIэр къызэрызэгъэпэща и лъэныкъуэкIэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и реанимобилхэм зыкIи къащхьэщыкIыркъым, реанимацэ Iэмэпсымэхэмк Iэ зэщIэузэдащи, гъуэгум зэрытетым хуэдэу щытыкIэ хьэлъэм итхэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэфынущ.

Машинэр цIыхуищым тещIыхьащ: зы сымаджэмрэ и гъусэну медицинэ лэжьакIуитIымрэ. «Ансат»-р бгы лъагэхэми къыщагъэсэбэп хъунущ. Абы зы сыхьэтым километр 275-рэ зэпичыфынущ, километр 505-м нэблагъэкIэ лъэтэфынущ.

Жьыхулъатэр сабий къалъхуагъащIэхэм е коронавирус узыфэ зэрыцIалэ зыпкърытхэм хуэщIа бокс щхьэхуэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ щытынкIи хъунущ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ



**2022 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз лъэхъэнэр еух.**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**
**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 724-рэ кIэпIейкIэ 80-рэ;**
**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 660-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**



## Мэздэгури адэжь щIыналъэм и зы къуапэщ

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ екIуэкIащ. Абы хэлэжьыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ставрополь, Краснодар щIыналъэхэм, Абхъазым, Сирием, Европэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. ЗэIущIэр махуищкIэ зэхэтащ, Iуэхугъуэ куэдым тепсэлъыхьащ, лэжьыгъэ нэхъыбэжи къызэщIиубыдащ.**

ГЪЭЗЭЩIАКIУЭ гупым и зэхуэсыр иублащ анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хъумэным теухуа щIыналъэ щIэныгъэ зэхуэсымкIэ. Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ЩIэныгъэ зэхуэсыпIэ хуитым къирихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэлIхэр, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и лэжьакIуэхэр, КъБР-м курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и IуэхущIапIэхэм анэдэлъхубзэр щезыгъэдж егъэджакIуэхэр, къэрал къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

ЩIэныгъэ зэхуэсыр къыщызэIуихым, ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыхигъэщащ лъэпкъыр къызэтенэнымкIэ анэдэлъхубзэм ипэ ищын Iуэхугъуэ зэрыщымыIэр. «Дэ дыкъызэрацIыхур ди хабзэщ, дызэрызэхэтыр ди бзэщ. Ди щыIэныгъэм и пкъощIэсэу щыт а лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъума зэрыхъуным, пщэдейрей махуэхэм зэрынэхьэсыным, ар къэгъэнауэ, зэрызаужьыным и Iэмалхэр къэтлъыхъуэу икIи зэдгъэпэщу дыщытын хуейщ. Сыт хуэдэ Iуэху иужь дитми, адыгэбзэм и къабзагъэмрэ и узыншагъэмрэ и гъунэхъумэу дыгъуэгурыкIуэн, абыхэм я лъапIэныгъэр къытщIэхъуэ щIэблэми зыхедгъэщIэн икIи ялъэдгъэIэсын хуейуэ пщэрылъышхуэ диIэщ. ДАХ-м и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ бзэмрэ хабзэмрэ хъумэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ къызэригъэпэщурэ иригъэкIуэкIыныр. Апхуэдэу и къалэнхэм хохьэ лъэпкъыбзэхэм ятеухуауэ къэралыгъуэм иригъэкIуэкI политикэми и еплъыкIэхэр ирихьэлIэну, чэнджэщхэр итыну, жэрдэмхэр къыхилъхьэну. Нобэ дыщIызэхыхьа щIэныгъэ зэхуэсри ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм къапызыщэщи, псалъэмакъыу утыкум кърalъхьэнури, гупсысэу щIэныгъэлIхэр зэрызэдэгуэшэнури, егъэджэкIэ Iэмалу зэпкърахынухэри анэдэлъхубзэм и хъумэным хуэгъэза Iуэху купщIафIэ хъуну дыщогугъ. ЗэIущIэр къызэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэн къытхуэхъуахэм, абы хэлэжьыхьыну къыхыхьахэм псоми фIыщIэшхуэ фхузощI», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

КъБКъУ-м и проректор **Къущхьэ Хъусен** къыщыпсалъэм анэдэлъхубзэм пщIэ хуэщIыныр дэтхэнэми и къалэну зэрыщытыр жиIащ, абы хуэгъэза Iуэхугъуэхэр университетым зэрыщекIуэкIыр зэригуапэр къыхигъэщащ. «КIыхь зысщIынкъым, ауэ жысIэн хуейщ адыгэбзэр щIэблэм бгъэдэзылъхьэм и лэжьыгъэм хуэдэу гулъытэрэ лъытэныгъэрэ зиIэ къызэрыгъуэтыгъуейр. Махуэр къывэхъулIэну, бзэм зиужьыным теухуауэ Iэмал гъэщIэгъуэнхэмрэ хэкIыпIэ дахэхэмрэ къэвгъуэтыну си гуапэщ», – жиIащ проректорым.

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр **КIурашын Анзор** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ и унафэм щIэт къулыкъущIапIэмрэ ДАХ-мрэ илъэс Iэджэ щIауэ зэрызэдэлажьэр, бзэм теухуа проект зыбжанэ зэрызэдащIэр. Апхуэдэу абы гуапэу къыхигъэщащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэр егъэщIэнымкIэ пэIудзауэ курсхэр зэрызэдрагъэкIуэкIыр, абыхэм кIуэ пэтми заубгъуу, къыхыхьэр нэхъыбэ хъууэ зэрыщытыр.

КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** анэдэлъхубзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм и нэIэ ятету зэрыщытыр къыхигъэщащ. Ар тепсэлъыхьащ КъБР-м къыщащта «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ программэм ипкъ иткIэ лъэпкъыбзэхэр хъумэным, егъэфIэкIуэным икIи зиужьыным хуэунэтIа проектым лэжьэн зэрыщIидзар, абы ипкъ иткIэ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ зэреджэн икIи зэрырагъэджэн тхылъхэр къызэрыдагъэкIыр, егъэджакIуэхэм я IэщIагъэхэм хэзыгъахъуэ курсхэр зэрырагъэкIуэкIыр. Министрым быдэу жиIащ анэдэлъхубзэхэм я Iуэхур щхьэрыутIыпщ зэримыщIынур.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр ЩIэныгъэ центрым и унафэщI **Нэгъуей Залымхъан**, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт**, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщI **ТIымыжь Хьэмыщэ**, лъэпкъыбзэм къэхутэныгъэхэр езыщIылIэ щIэныгъэлIхэу **Езауэ Мадинэ**, **Жылэтеж Хьэжысмел**, **Къардэн Мусэдин**, **УнэлIокъуэ Вячеслав** сымэ. Ахэр тепсэлъыхьащ иджырей адыгэбзэр зэрыт щытыкIэ гугъум, абы къыхэша зэрыхъуну щIыкIэхэм, щIапхъэхэм, лэжьыпхъэхэм. Апхуэдэу къэпсэлъэныгъэхэм къыхэщащ адыгэбзэр КъБКъУ-м зэрыщаджым, бзэм епхауэ абдеж къыщызэрагъэпэщ Iуэхугъуэхэм. ДАХ-м адыгэбзэм ехьэлIауэ къыхилъхьэ проектхэмрэ абыхэм я къызэгъэпэщыкIэмрэ тепсэлъыхьащ **Табыщ Муратрэ Щоджэн Iэминатрэ**. Анэдэлъхубзэмк Iэ щыIэ методикэ Iэмалхэм, ахэр дерсым зэрыхалъхьэ щIыкIэм и гугъу ищIащ Бахъсэн къалэ дэт курыт еджапIэ №6-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ **Лосэн Хьэужан**.

ЗэIущIэм и кIэм иужьрей псалъэр жызыIа, ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зэхуэсыр къазэрехъулIар къыхигъэщащ, къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIри, къэпсэлъэныгъэхэр зэхуахьэсыжу тхылъу къызэрыдэкIынур, абы гукъыдэж хузиIэ егъэджакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ я тхыгъэхэр къагъэхьыну Iэмал зэрыщыIэри жиIащ.

Зэхуэсыр зэфIэкIа нэужь, ДАХ-м и Хасащхьэмрэ ГъэзэщIакIуэ гупымрэ я лэжьыгъэр Мэздэгу къалэ щыпащащ. Абдеж щекIуэкIа лэжьыгъэм хэтащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Бессонов Андрей**, КъБР-м жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ и министр КIурашын Анзор, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Мэздэгу щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Гугиев Геннадий**, Мэздэгу къалэм и Iэтащхьэ **Бураев Таймураз**, къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэмрэ.

Зэхуэсым и ублапIэм Сэхъурокъуэ Хьэутий Мэздэгу къызэрыкIуам зэрыщыгуфIыкIыр, мы жэрыгъэкIэ зызыхъуэж дунейм хэмыкIуэдэжу лъэпкъыу къызэтенэным мэздэгу адыгэхэм я къару зэрырахьэлIэм, Iуэхуу къаIэтымрэ ахэр зэрызэфIагъэкIымрэ куэдым щапхъэ трахыну зэрыщытыр къыхигъэщащ. «Ди адэжьхэм къащIэна хабзэ дахэхэм щIэблэр щIэпIыкIын къалэныр нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - АбыкIэ псори арэзы къыздэхъуну си гугъэщ. Абы хуэгъэза Iуэхугъуэ щхьэпэщ нобэ екIуэкI зэхуэсыр. Ижь лъандэрэ зэгъунэгъуу къызэдэгъуэгурыкIуэ осетинхэмрэ адыгэхэмрэ яку дэлъа зэхущытыкIэ дахэхэм дрогушхуэ, ахэр хъумэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ лъэныкъуитIри йогугъу, икIи нобэрей зэхуэсыр абы щыхьэт тохъуэ. Апхуэдэу, зэIущIэр и щыхьэтщ ди лъэпкъыщхьэр хъума хъун щхьэкIэ ди гум илъ гузавэхэми. Бзэр, хабзэр хъумэным и мызакъуэу, зегъэужьыныр къалэну къытпэщылъхэм ящыщщ. Мэздэгу адыгэхэм я къару абы зэрырахьэлIэр, хабзэм къезэгъыу щыIэ Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпыр ди нэгу щIэкI зэпытщ. Нобэрей зэIущIэм мэздэгу адыгэ жылэр зэхегъэплъэж, нэхъ лейуэ я Iуэху зыIутым гу лърегъэтэж. Си гугъэщ абыхэм зэрамызакъуэр, дунейм адыгэу тетыр я щIыбагъ зэрыдэтыр зыхащIэну, псэуныгъэми щыIэныгъэми адыгэм и пщIэр яIыгъыу дяпэкIи хэтыну гукъыдэж зыхуагъуэтыну».

Мэздэгу адыгэхэр щIыналъитIым, Осетие Ищхъэрэмрэ Ставрополь щIыналъэмрэ, щопсэу, я бжыгъэкIэ щызэхуэдэу. Псори зэхэту мини 6-м тIэкIу щIигъуу аращ. 2020 гъэм ирагъэкIуэкIа жылэ къыхэтхыкI цIыкIум къызэригъэлъэгъуамкIэ, Мэздэгу щIыналъэм цIыху 87718-рэ щопсэу. Ди лъэпкъэгъуу абы исыр зэрыхъур 2300-м ноблагъэ, е щыпсэухэм я процен ти 3,1-щ. Къурей губгъуэм ис мэздэгу адыгэхэм я бжыгъэр мини 3-м ныз эрохьэс, е, а щIыпIэм щыпсэу цIыхухэм я процен ти 4,4-рэ мэхъу. Ди лъэпкъэгъухэм 1993 гъэм Мэздэгу Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм псоми купщIэ нэхъыщхьэ хуэхъур къащIэхъуэ щIэблэм адыгагъэр зэрафIэмыкIуэдынырщ, анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ яIэщIэмыхуу щыгъэIэнырщ. Абы и щыхьэтщ мы махуэхэм Мэздэгу къалэ щекIуэкIа зэIущIэшхуэри.

ГъэзэщIакIуэ гупыр апхуэдэу тепсэлъыхьащ щхьэж къыздикIа щIыпIэм Щыгъуэ-щIэж махуэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэмрэ дауэдапщэхэмрэ, апхуэдэуи абы и егъэкIуэкIыным епхауэ къэхъу зэIумыбзхэр къызэрызэнэкIынум и гугъу ящIащ. Псалъэмакъым къыпащэу, зэIущIэм хэтхэм къаIэтащ Адыгэхэм я махуэр зэрырагъэкIуэкIынум, ар адыгэ республикэхэм я къэралыгъуэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу зэхэтыну дауэдапщэхэм екIуу зэрыхаухуэнэнум. ДАХ-м и зэхуэсым щызэпкърахащ гъэмахуэм КъБР-м хамэ щIыпIэхэм къикIыну адыгэ сабийхэм я зыгъэпсэхукIэ хъунур, ар зэрагъэпсыну щIыкIэм. Апхуэдэу хэхэс адыгэ щIалэгъуалэр КъБР-м, КъШР-м, АР-м я еджапIэ нэхъыщхьэхэм щегъэджэным теухуа псалъэмакъри къыхалъхьащ. Тхьэмадэм и псалъэкIэ абыхэм я унафэр пIалъэ кIэщIым къриубыдэу ящIыну зэгурыIуащ.

ГъэзэщIакIуэ гупым и лэжьыгъэр «Мэздэгу адыгэхэм я тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр» зи фIэщыгъэ дунейпсо зэхуэсым техуащ. Ар Iуэхугъуэ дахэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. ГъэзэщIакIуэ гупыр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж щекIуэкIа пэкIум хэтащ, «Мэздэгу адыгэхэм я тхыдэ» зи фIэщыгъэ гъэлъэгъуэныгъэм еплъащ, мэздэгу адыгэхэм я Хасэр зыщIэсыну унэр зрагъэлъэгъуащ, Мэздэгу и тхыдэм епха щIыпIэхэм зыщаплъыхьащ. Дунейпсо зэхуэсыр пщыхьэщхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа «Кабардинка» къэфакIуэ гупымрэ лъэпкъ эстрадэм щыщ уэрэджыIакIуэхэмрэ я концерткIэ зэфIэкIащ.

ЗэIущIэр купщIафIэу къызэрагъэпэщащ, дяпэкIэ ящIэфынумрэ зи гъунэ иралъэфынухэмкIэ гупсысэ пыухыкIахэр яIэу адыгэ жылагъуэ хасэхэр зэбгрыкIыжащ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

# Мэкъумэшыщlэ, щlэныгъэлl, къулыкъущlэ нэс

**Гъащlэм, зэрытщlэщи, пщlэдзи кlэухи иlэщ. Ауэ, цlыхум къикlуа гъуэгуанэр къызэрапщытэр къипсэуа илъэсхэмкlэ-къым, атlэ lуэхутlащфэу илэжьахэмкlэщ. А гупсысэр зэхьэлlахэм ящыщт ХьэщlэлI Мухьэмэд Хьэжрэт и къуэр - мэкъумэшыщlэу, зауэлlу, щlым ехьэлlа lуэхухэм я къызэгъэпэщакlуэ lэззу, КъБАССР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министру, жылагъуэ лэжьакlуэу, хэкупсэу, зи гъащlэ гъуэгуанэр зыщыщ къэралымрэ щыпсэуа и хэку цlыкlумрэ къыгуэхыпlэ ямыlэу зэпхауэ къекlуэкlар.**



ХЬЭЩlЭЛl Мухьэмэд Хьэжрэт и къуэр 1911 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м мэкъумэшыщlэ унагъуэм къыщалъхуащ. Ар гъащlэм игъэфlа цlыхухэм яхуэщу зэгуэр щlыхьэр тхужыlэнукъым. Зэрыщlыкlурэ лэжьыгъэм щlапlыкlащ. Балигъыпlэ щиува илъэсхэм апхуэдэущ зэрыщытар. Къипсэуам къыщекъухlауэр ерыщагъэр зэпlэзэрытагъкlэ гъэнщlа лэжьыгъэкlэщ зэрызэlэригъэхьар.

### Балигъ гъащlэм и щlэдзауэм

И гъуэгуанэм пэщlэдзэ хуэхъуащ Старэ Урыху (Хьэтуей) къуажэм а лъэхъэнэм къыщызэрагъэпэща «Шэчэр» колхозым къызэрыгуэкl лэжьакlуэу зэрыхыхьар.

1934 гъэм Мухьэмэд Дэ Плъыжьым ирадэжри, абы къулыкъу щрехьэкl 68-нэ шуей полкым хэту. 1937 гъэм щалъхуа щlыналъэм къегъэзэж.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ХьэщlэлIыр Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэщlэзыщта партизан зэщlэхьэныгъэм хэтщ, жыджэрагъэ ин къыщигъэлъэгъуэу.

Фашистхэр ди щlыналъэм щрахужа 1943 гъэм ХьэщlэлI Мухьэмэд Аруан райисполкомым мэкъумэш хозяйствэмкlэ и къудамэм и унафэщlу ягъэув.

1946 гъэм и гъатхэпэ мазэм, коммунист партым и Лэскэн щlыналъэ комитетым и лъэlукlэ, ХьэщlэлIыр а район дыдэм и исполкомым щlы lуэхухэмкlэ и къудамэм и унафэщlу хах.

1947 гъэм Мухьэмэд Урыху машинэ-трактор станцым и унафэщlу ягъэув. А илъэсхэм МТС-м и пщэ къыдэхуэ къалэнхэм ящыщт, щlым зэрелэжь техникэр пlалъэ кlэщlым къриубыдэу зэгъэпщын зэрыхуейр и мызакъуэу, lэщlым хъеру къатым зэрыхагъэхъуэным елlэlинри, мэкъумэшыр хуагъэхъэзырыр щlымахуэр ирырахыфын хуэдэу къызэгъэпэщынри. А lуэхугъуэхэм абыхэм ещхьу къызэрыхуагъэуа адрей пщэрылъхэм Урыху МТС-м и лэжьакlуэхэр а зэманым къызыхуэтыншэу пэлъэщырт.

1956 гъэм щlэкlуэгъуэм и кlэхэм ХьэщlэлIыр ягъэкlуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэманым зи lуэху нэхъ зэхуэмыкlуэу иlа Урожайнэ районым. Мыбдежым Мухьэмэд 1959 гъэ пщlондэ щызэрехьэ партым и райисполкомым и япэ секретарь къулыкъур. ХьэщlэлIыр щытета лъэхъэнэм щlыналъэр нэрылъагъуу йохъулlэ мэкъумэшхэкlыу къыщрахьэлlэжым хэгъэхъуэнми, абы щыщу къэралым иращэр нэхъыбэ щlынми.

А зэманым колхозхэмрэ совхозхэмрэ мылъкуу яхузэгъэпэщыр, къэралым и дэlэпыкъуныгъэри абы хэту, хэпщlыкlыу нэхъыбэ зэрыхъуам и фlыгъэкlэ, къуажэхэм lэщ фермэхэр, гъавэ гъэтlылъыпlэхэр, сабий садхэр, курыт еджапlэхэр щlэгъэхуэбжьауэ щаухуэу щlадзэ, жылагъуэхэм я теплъэр нэхъ дахэ зэращlынми гулъытэ хуащlу ирагъажьэ. Апхуэдэ зэхъуэкlыныгъэфlхэм къуажэдэсхэр, зэрыгурыlуэгъуэщи, ехъулlэныгъэщlэм трагъэгушхуэрт.

1959 гъэм и кlэм Урожайнэ, Тэрч районхэр зэгуагъэхьэж. Абыи и япэ секретару хахар ХьэщlэлI Мухьэмэд Хьэжрэт и къуэрщ. Дауи, зы району зэрапхыжа щlыналъитlым lуэху щыlэр куэдкlэ нэхъыбэ хъуат. ХьэщlэлIым а лъэхъэнэм къыдэгъуэгурыкlуахэм зэрыжаlэжымкlэ, Мухьэмэд и лэжьэгъуэ махуэхэм ящыщу япэ итым и кlэухымрэ къыкlэлъыкlуэм и щlэдзэгъуэмрэ щызэлъэlэс куэдрэ къэхъурт. Апхуэдэ лэжьэкlэм кърикlуаращи, Тэрч районыр, пlалъэ пыухыкlам къриубыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпашэ дыдэхэм ящыщ хъуат.

1962 гъэм и гъатхэпэм ХьэщlэлIыр ягъэув производствэмкlэ Май район зэхуаку колхоз-совхоз управленэм и унафэщlу, къыкlэлъыкlуэ илъэсым производствэмкlэ Аруан район зэхуаку управленэм и lэтащхьэу.

### Министру щыщытам

1965 гъэм и щlышылэм Мухьэмэд къыхуагъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министр къулыкъур. Мыбдежым абы наlуэу къыщегъэлъагъуэ щlым узэрелэжьыну щlыкlэм и къызэгъэпэщакlуэ lэззу зэрыщытыр. ХьэщlэлI Мухьэмэд а къулыкъум зэрытета илъэси 10-м къриубыду республикэр къэралым и щlыналъэхэм ящыщу нэхъ пашэ дыдэхэм ящыщ хъуащ, мэкъумэшхэкlыу къыщыщlагъэкlыр куэдкlэ зэрыщыхэхъуам, къэралым иращэри нэхъыбэ зэращlам къыхэкlыу.

Езы ХьэщlэлIым игу къигъэкlыжу зэрыщытамкlэ, а илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ и лъэныкъуэкlэ и зэфlэкlым зиужь зэпытт. Губгъуэ хьэсэхэм гъавэр нэрылъагъуу щыбагъуэрт, lэщым хъеру къитым хэхъуэ зэпытт, ухуэныгъэм пыщlа индустриеми кlуэтэху нэхъри зиужьырт, транспорт зэпыщlэныгъэхэм заубгъурт, производствэм ирахьэлlэ lэмэпсымэу ди деж къыщыщlагъэкlхэр я фlагъкlи, я быдагъкlи узыгъэгуфlэт.

Мухьэмэд а къулыкъум щыпэрыта илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш щlапlэхэм гектарым хуэзэу хьэцэпэцэу къыщытрахыжым процент 35-кlэ щыхэхъуат, абы щыщу къэралым иращэм процент 16-кlэ щыщlрагъэгъуат.

### ХьэщlэлIыр икlи щlэныгъэлlт

Мухьэмэд и гъащlэм и къыкlэлъыкlуэ лъэхъэнэт мэкъумэшым ехьэлlа и щlэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зыхиубыда илъэсхэр. 1975 гъэм къыщыщlэдзауэ 1982 гъэ пщlондэ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым Тхыдэмкlэ, филологиемрэ экономикэмкlэ и щlэныгъэ-къэхутакlуэ институтым экономикэмкlэ и къудамэм и тхьэмадэу щытащ. Абы пхигъэкlащ мэкъумэш щlэныгъэхэмкlэ кандидат лэжьыгъэр, республикэм и гъавэ щlапlэхэм хъеру къатыр нэхъыбэ щlыным хуэунэтlа lэмалхэр щызэпкъриха и тхыгъэу 60-м щlигъу къытрыригъэдзащ.

1976 гъэм дунейм къытехьащ ХьэщlэлIым республикэм и гъавэ щlапlэхэмрэ хъупlэхэмрэ я зэгъэзэхуэкlэм триухуа, «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м ищlхэм къат хъерым хэгъэхъуэнымкlэ щыlэ хэкlыпlэхэр» зыфlища и щlэныгъэ лэжьыгъэр. Абы Мухьэмэд, щызэхуихьэсыжа щlыкlэу, къыщигъэлъэгъуэжащ республикэм щыпэрыт хозяйствэхэм илъэс куэдкlэ къагъэсэбэпа lуэху бгъэдыхьэкlэхэр зыхуэдэр, къищынэмыщlауэ, хэгъэгум мэкъумэшым елэжьынымкlэ щыlэ щlэныгъэ-къэхутэныгъэ lуэхущlапlэхэм къэпщытэныгъэу ирагъэкlуэкlахэм къарикlуахэри къыщихьащ.

ХьэщlэлI Мухьэмэд и щlэныгъэ лэжьыгъэхэм республикэм и мэкъумэш lэнатlэм зиужьынымкlэ я мыхьэнэр апхуэдизу инщи, абы щызэпкъриха, къыщигъэлъэгъуэжа lуэху еплъыкlэхэмрэ бгъэдыхьэкlэхэмрэ нобы яхуощхьэпэ а унэтlыныгъэм щыхуагъэхьэзыр еджапlэ нэхъыщхьэхэм щезыгъаджэхэми, еджэхэми, ар зи lэщlагъэ хъуахэми.

### Жылагъуэ lуэхухэми хуэжыджэращ

lэнатlэхэм къапэрыкlыжу тlысыжа ХьэщlэлIым, 1995 гъэм «Достойные славы» зыфlища и тхылъыр къыдигъэкlащ. Ар триухуат Къэбэрдей-Балъкъэрым щlым елэжьхэм ящыщу нэхъ къыхэжаныкlа цlыхухэм.

ХьэщlэлI Мухьэмэд къэралым, республикэм щекlуэкl жылагъуэ гъащlэми жыджэру хэтащ, экономикэм зэхъуэкlыныгъэу къыщыхъухэми набдзэгубдзаплъэу кlэлъыплъащ. Мэкъумэшыщlэм, щlэныгъэлlым, къызэгъэпэщакlуэ lэззэм, Хэкум зэрыхуэлэжьам къыпэкlуэу, къыхуагъэфэщащ Октябрь революцэм и орденыр, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденищыр, Хэку зауэшхуэм и ордену II нагъыщэ зиlэр, зауэм зэрыхэтам, лlыгъэу щызэрихьам папщlэ медалхэр, СССР-м и ВДНХ-м и дыщэ медалхэр.

ХьэщlэлI Мухьэмэд, ноби къызэралъытэмкlэ, щlым ехьэлlа щlэныгъэр зыгъэкlуэтахэм я деж щынэхъ пашэ дыдэхэм ящыщщ. Иригъэджахэм, къэзыцlыхуу къыдекlуэкlахэм ар ягу къинащ хьэл-щэн дахэ зиlа, хабзэм щlапlыкlа, зи гупсысэр къабзэ, цlыхугъэшхуэ зыхэлъа лэжьакlуэ емызэшыжу, щlэныгъэлl lэзэу.

**БЛИЙ Станислав**,
*УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, КъБР-м щlэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, мэкъумэш щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор, академик.*



# Льагъуэщlэхэр, гъуэгущlэхэр, дунеищlэхэр

**Урысейм ЩIэныгъэхэмкlэ и академием КъуэкIыпlэм щыпсэу лъэпкъхэр джынымкlэ и институтым иджыблагъэ щекlуэкlащ КъБКъУ-м «Эрмитаж - Кавказ» зи фlэщыгъэ и щlэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я дамыгъэхэр джынымкlэ и къудамэм и унафэщl, тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ кандидат Мэлбахъуэ Къэралбий зэридзэкlа тхылъыщlэм и лъэтеувэр. Абы щlэныгъэлlхэм я пащхьэ ирилъхьащ мамлюк тхыдэр зыджхэм тегъэщlапlэ ящl, Мухьэмэд ибн Ахьмэд ибн lияс аль-Хьэнэфий (1448 - 1524) и lэдакъэ къыщlэкlа «Адыгэ (шэрджэс) мамлюкхэм я тхыдэкlэ» зэджэ лэжьыгъэшхуэр.**



МЭЛБАХЪУЭ Къэралбий зэрыжиlамкlэ, lияс аль-Хьэнэфий и тхыгъэр 1945 гъэм франджыбзэкlэ дунейм къытехьауэ щытащ. Зэдзэкlыным, тхыбзэ щапхъэхэм игъэзэгъэжыным, тхыдэ еlуэлlапхъэхэр хуэщlыжыным мазиплl тригъэкlуэдащ.

«Дунейм щlэрыщlэу къытехьэжа «Адыгэ (шэрджэс) мамлюкхэм я тхыдэ» зи фlэщыгъэ лэжьыгъэр зи lэдакъэщlэкl lияс аль-Хьэнэфий Мысырым щыпсэуа адыгэ (шэрджэс) мамлюк унагъуэ лъэрызехьэм къыхэкlащ, и lэщlагъэкlэ тхыдэтхт икlи географт. Зэрытщlэщи, мамлюккlэ зэджэхэр курыт лlэщlыгъуэхэм Мысырымрэ КъуэкIыпlэ Гъунэгъумрэ щыпсэуа зауэлlхэрщ, - жиlащ Мэлбахъуэм. - Адыгэ (шэрджэс) мамлюкхэм зи цlэ къитlуа щlыналъэхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ лъэужьышхуэ къыханащ, къэрал зыбжанэм тетыгъуэр щызыlыгъхэм ящыщу лlэщlыгъуэ зытхухкlэ къекlуэкlащ. Псалъэм и хьэтыркlэ, 1468 гъэм къыщегъэжьауэ 1496 гъэ пщlондэ Мысырым тепщэныгъэр щызыlыгъар лъэпкъкlэ адыгэ (шэрджэс) мамлюкхэм къахэкlа Къаитбейщ. lияс аль-Хьэнэфий и къалэмыпэм къыщlэкlа къэхутэныгъэшхуэр егъэлеяуэ яхуэщхьэпэнущ мамлюк тхыдэр зыджхэм. Абы къыщыбгъуэтынущ Мысырыр уэсмэнхэм къазэун ипэкlэ дунейм къыщекlуэкlа тхыдэ къэхъукъащlэхэм нэгъуэщlынэкlи уезыгъэплъыж щапхъэхэр, мамлюкхэм я зэхэтыкlэу щытам теухуа хъыбархэр, къэралыгъуэхэм я зэхущытыкlэу щыта щысэхэр. Псом хуэмыдэу дэркlэ мыхьэнэшхуэ яlэнущ адыгэ (шэрджэс) мамлюкхэм Кавказым къыхуаlэу щыта пыщlэныгъэхэр зыхуэдэр къэгъэнэхуэным, ахэр щlэх-щlэхыурэ адэжь лъахэм къэкlуэжу икlи мы щlыналъэм икlрэ Каир нэс абыхэм я lыхьлыхэр якlэлъыкlуэу зэрыщытар, жылагъуэ-экономикэ зэпыщlэныгъэхэр я зэхуакум дэлъар джыным».

«КъБКъУ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлlэу дунейм къытехьа тхылъым и лъэтеувэр тхуегъэкlуэкlыну къыщlэкlынтэкъым, абы мыхьэнэ езыта икlи ар lуэхугъуэшхуэу къэзылъыта Аликберов Алик-бер мыхъуатэмэ. Урысейм ЩIэныгъэхэмкlэ и академием КъуэкIыпlэм щыпсэу лъэпкъхэр джынымкlэ и институтым и лэжьакlуэхэр хэту апхуэдэ зэlущlэ дахэ егъэкlуэкlыныр жэрдэм зыщlар аращ. Нэхъри гуапэ тщыхъуащ институтым и lэщlагъэлlхэми апхуэдэ гукъыдэж зэраlар, зэдзэкlакlуэм еуэршэрылlэну, пасэрей къэхутакlуэшхуэм и lэдакъэщlэкlыр щызэридзэкlым гу зылъитахэмрэ гупсысэу зыхуэкlуахэмкlэ епсэлъылlэну гукъэкl зэращlар. Апхуэдэу иджыблагъэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкlэ и академием щекlуэкlащ Мэлбахъуэ Къэралбий «Адыгэхэм (шэрджэсхэм) ятеухуа европей икlи хьэрып тхыгъэжьхэр зэхэдзыным, джыным икlи къэхутэным и lуэхукlэ» къэпсэлъэныгъэм тещlыхьа щlэныгъэ стlол хъурейр. ЖыIэн хуейщ абы цlыху куэд къызэрекlуэлlар, мамлюкхэм я тхыдэм дихьэххэр мымащlэу къызэрыщlэкlар», - жиlащ КъБКъУ-м «Эрмитаж - Кавказ» зи фlэщыгъэ и щlэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым и унафэщl Сэралъп Альберт.

Дунейм къытехьа тхылъым и гугъу щищlым тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ доктор Аликберов Аликбер жиlащ: «Мы тхылъыр къызэрыдэкlам апхуэдизкlэ мыхьэнэшхуэ иlэщи, ар къэлъытэгъуейщ. КъуэкIыпlэм щыпсэу лъэпкъхэм я къекlуэкlыкlар джыным теухуауэ щыlэ къэхутэныгъэхэм зы къахэхъуащ, ари щlэныгъэ дунейм пщlэшхуэ щызиlэ лэжьыгъэу щытщ. Зэдзэкlа хъуа тхыгъэм уриплъэну къапщтэми, бзаджагъэ пхузехьэркъым - узыlэпешэ, зы сатыр дэбгъэхумэ, зыгуэр пlэщlэкlынкlэ ушынэу итыр псори кърыуегъэджыкl. Нахуэщ къалэн зыщищlыжа lуэхумкlэ жэуап зэрихьыр зыдищlэжу зэдзэкlакlуэр зэрелэжьар. Зэрызэдзэкlа бзэр дагъуэ хуумыщlыну къабзэщ, нахуэщ, гурыlуэгъуэщ. Мэлбахъуэ Къэралбий щlэныгъэ дунейм къыхилъхьэ и зэдзэкlыгъэр нэгъэсащ, щlэныгъэм и лъэбакъуэшхуэщ. lияс аль-Хьэнэфий и lэдакъэщlэкl иныр зэрыщыlэм дыщыгъуазэу дыкъекlуэкlырт. Иджы дяпэкlэ дунейм къытехьэну лэжьыгъэхэм щlэ гуэр къыхалъхьэфыну lэмал хъарзынэ щыlэ хъуащи, узыщыгуфlыкlынщ. Адыгэ (шэрджэс) мамлюкхэм ятеухуауэ тщlэуэ щытам куэд къыхэхъуэнущ, ар хьэкъщ. Апхуэдэуи шэч зыхэмылъщ я хэкужьым къина адыгэхэм я тхыдэр гъэкууным, абы ехьэлlа lуэхугъуэ зэмылlэужьыгъуэхэр щlэныгъэм къыщыгъэувыным мы зэдзэкlыгъэр зэрещхьэпэнум. Сэркlэ нахуэ хъуащ къэхутакlуэхэм дяпэкlэ ди пащхьэ льагъуэщlэхэр, гъуэгущlэхэр, дунеищlэхэр тхылъым къызэрызэlуихынури, ар уасэ зимыlэщ. lияс аль-Хьэнэфий и тхылъыр дунейм щlэуэ къызэрытехьэжар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ехъулlэныгъэшхуэщ, икlи, сызэрегупсысыр аращи, ежьа lуэхур зэпыункlи къэувыlэнкlи lэмал иlэкъым».

Тхылъыр Бытырбыху «Реноме» тхылъ тедзапlэм 2022 гъэм къыщыдэкlащ, и бжыгъэкlи 500 къудей хъууэ аращ. Шэч хэлъкъым ар КъуэкIыпlэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэр джыным зэрыхуэщхьэпэнум, адыгэм и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ дихьэххэм гъэщlэгъуэн куэди къызэрыщагъуэтынум.

Мэлбахъуэ Къэралбий тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ кандидатщ, тхакlуэщ, зэдзэкlакlуэщ. Инджылызыбзэмрэ франджыбзэмрэ фlы дыдэу ещlэ. Щlэныгъэлlым 2006 гъэ лъандэрэ Кавказым, адыгэхэм я тхыдэм теухуауэ щыlэ тхыгъэжьхэр зэредзэкl икlи апхуэдэ тхылъ 20-м щlигъу къыдигъэкlащ. Абыхэм ящыщщ Нажжар Александр и «Кавказым ирахуахэр», де Шаекк Иван и «Зы щыхьэт гуэрым и тхыгъэхэр», де Марикур Леон и «Сент-Сиррэ Ерусалимрэ», Жиль Флориан Антуан и «Кавказымрэ Кърымымрэ ятеухуа тхыгъэхэр», Белл Джеймс и «Шэрджэсым сызэрыщыlам теухуа хъыбархэр», нэгъуэщl куэдри.

Мэлбахъуэ Къэралбий еши щхьэхи зымыщlэ къэхутакlуэщ. Лъэпкъым и блэкlам и гур хуэкъабзэу цlыхум яlэщlэхужа апхуэдиз тхыгъэжьхэм зэрелэжьым икlи тхыдэ щlэныгъэм хуищl хэлъхьэныгъэр зэрыщlимычэм папщlэ фlыщlэшхуэ хуэфащэщи, ефlэкlуэну, и къарур хурикъуну, къилъыхъуэ хьэлэмэтхэр нэхъыбэж хъуну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ.**



# Дэтхэнэми жэуап lэрыхьэнущ

**Урысей гвардием и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм я щхьэ lуэхукlэ къэкlуахэм яхуэзащ щlыналъэ lуэхущlапlэм и унафэщl, полицэм и полковник Васильев Сергей.**

АБЫ къекlуэлlат Урысей гвардием къулыкъу щащlэну мурад зыщlахэр, къэрал кlуэцl lуэхухэмкlэ органхэм щылажьэхэу гвардием хыхьэну хуейхэр. Къыхэдгъэщынщи, Урысей гвардием щылэжьэну хущlэкъухэр щlалэхэм я закъуэкъым, абыхэм яхэтщ цlыхубзхэри.

lэнатlэхэм я унафэщlхэм къалэн щащlащ зэрызыкъыхуагъэзахэм хэплъэну икlи дэтхэнэми я упщlэхэм теухуа жэуап зэпкърыха тхылъымпlэм тету lэрагъэхьэну.

*Зыгъэхьэзырар*
**УАРДЭ Жантинэщ.**

# Я гъэшхэкlым щlэупщlэ иlэщ

**Новэ-Ивановскэм и мэкъумэш фермер lуэхущlапlэм и зэфlэкl псори ирехьэлlэ шэ нэхъыбэ къызэрыщlишынымрэ фlагъ зыбгъэдэлъ гъэшхэкl шхыныгъуэ зэригъэхьэзырынымрэ.**

lЭЩЫШХУЭУ мини 2,5-м нэблагъэ яlэщи, абы и lыхьэ щанэр жэм къашщ. Зэман и пэкlэ илъэсым хуэзэу зы жэмым шэ тоннищ къыщlашу щытамэ, предприятэхэр зыхуей-зыхуэфlхэмкlэ къызэрызэрагъэпэщрэ, а бжыгъэр мини 6-м нэсащ. Зы жэщ-махуэм lуэхущlапlэм шэ тонн 15-м нэблагъэ зыхуей хуегъазэ. Абы иlэщ гъэшым и фlагъыр къыщапщытэ лабораторэ, кхъуей, кхъуейлъалъэ, шатэ, шатэпс къабзэ къыщыщlагъэкl цеххэр. Псом ящхьэращи, узыншагъэмкlэ зэран пальмэ дагъэ, крахмал, содэ шэгъэфlэlу lэрыщlхэр, ерыскъыр зэрагъэфlэlу нэгъуэщl пкъыгъуэхэр къагъэсэбэпыркъым.

lэмэпсымэщlэхэмкlэ узэда lуэхущlапlэм къыщlигъэкl ерыскъы зэмылlэужьыгъуэхэм хигъахъуэ зэпытщ. Къищынэмыщlауэ, иужьрей илъэс зыбжанэм лэжьыгъэ пыухыкlахэр ирегъэкlуэкl гъэшышхуэ къозыт lэщ лъэпкъыфlхэр зэгъэпэщыным теухуауэ.

Новэ-Ивановскэр тафэтес щlыпlэу зэрыщытым и фlыгъэкlэ, мэкъу дыгъэлу зыхуеинум хуэдиз зэрызрагъэпэщыным иджыпсту щыщlэдзауэ иужь итщ. Апхуэдэу фермер хозяйствэм иlэщ гъэмахуэ псом lэщым ирагъэшхыну lусыпхъэ щхъуантlэр. Псом нэхъапэу къахэхъукlа рапсым къэуат щlэлъщ, шэ нэхъыбэ къащlегъахъуэ. Гъавэм къыхащlыкl lусхэмкlи бэлэрыгъыркъым, ирехъу ар нартыху, гуэдз, хьэпцlий зэтеуда.

Предприятэм и гъэшхэкlхэм ди республикэм и къалэ, щlыналъэ псоми щlэупщlэшхуэ щаlэщ. Ди сату щlапlэхэм къищынэмыщlауэ, фlагъ ин зыбгъэдэлъ шэмрэ шатэмрэ, езыхэм я транспорт хэха яlэжу, къыщlэупщlэхэм тыншу лъагъэlэс.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



# Пlалъэ гуэркlэ кlэлъыплъынущ

**Марсым и щхьэфэм илъэс зыбжанэ ипэкlэ щрагъэтlысэхауэ щыта Curiosity lэмэпсымэм (2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлlэу, псори зэхэту, икlуа гъуэгуанэм километр 28,06-рэ и кlыхьагъщ) къихута, органикэ lэрамэу зэхэухуэна тиофен пкъыгъуэхэр телъыджэщ.**

АХЭР, Берлин дэт Технологиемкlэ университетым щезыгъаджэхэм зэрыхуагъэфащэмкlэ, а планетэм и гущlыlум лъэхъэнэ жыжьэ дыдэхэм гъащlэ гуэр щыlагъэнкlэ зэрыхъунум щыхьэт техъуэфынкlэри хэлъщ. Абы теухуа тхыгъэ зи гугъу тщlы щlэныгъэлlхэм къытрадзащ Astrobiology журналым.

США-м и Вашингтон штатым хыхьэ Сиэтл къалэм дэт Къэрал щlэныгъэ-къэхутакlуэ университетым и астробиологхэми къызэрахутамкlэ, тиофен мэскъал цlыкlужьейхэр къыхыбогъуатэ дыщыпсэу Щlы Хъурейм къыщыщlах фlамыщlми, зэмылэжьыжа щlы дагъэми, шхыныгъуэу къагъэсэбэп lэгъэбэгу лъапlэу «трюфель хужь» жыхуаlэми. А щlэныгъэлlхэми ахэр хуагъэдащ Марсым и щхьэфэм къыщызыкlуэхь Curiosity lэмэпсымэм зэрымыщlэкlэ къыщихутахэм.

Мы зэманым еджагъэшхуэхэр яужь итщ планетэ «плъыжьым» и щlыlум тиофенхэр къызэрыщыунэхуа щlыкlэр зэхэгъэкlыным. Астробиологхэм зэрыжаlэмкlэ, lэрамэу зэхэухуэна пкъыгъуэхэр Марсым къыщытехутэнымкlэ, япэрауэ, «сэбэп» хъуфыну щытар хьэршым илъэтыкl метеоритхэр а планетэм и щlыгум щытехуэкlэ къагъэхъункlэ хъуну щыта хуабагъэ ямылейрщ (Цельсий и пщалъэмкlэ градуси 120-м щхьэдэхыр). Етlуанэрауэ, нэхъыщхьэжыр аращи, илъэс мелардищ ипэкlэ (планетэ «плъыжьым» и щlы щхьэфэр, иджырейм хуэмыдэу, куэдкlэ нэхъ пщтыру икlи псыlэу къыщекlуэкlа лъэхъэнэхэм) мыбдежым «псэ яхэту» щыщыlа нэрымылъагъу цlыкlужьейхэм (микроорганизмхэм) неофенхэм хуэкlуэж сульфат зэхэухуэнахэр къагъэщlыфыну щытащ.

А псом къыхэкlыуи, щlэныгъэлlхэм я мурадщ зи гугъу тщlы уафэщl жыжьэм траутlыпщхьа марсырыкlуэ lэмэпсымэхэмкlэ къыщагъуэтыну зыщыгугъ углеродымрэ серэмрэ я изотопхэр абдежым щызэхуахьэсу, а пкъыгъуитlым я зыхъуэжыкlэ-зэхэлъыкlэм пlалъэ гуэркlэ кlэлъыплъыну. Еджагъэшхуэхэм къызэралъытэмкlэ, ар сэбэп хъуфынущ планетэ «плъыжьым» и щlыlум зэгуэрым щыlауэ зыхуагъэфащэ гъащlэм и зыхъуэжыкlэр зыхуэдар джынымкlэ.

**БЭРАУ Бышэ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

### Гъэсыныпхъэр нэхъ лъапlэ щохъу

**Автомобилым ирагъахъуэ гъэсыныпхъэм и уасэм иужьрей мазэхэм хуабжьу набдзэгубдзаплъэу кlэлъоплъ къэрал куэдым я унафэщlхэр - я цlыхухэм я псэукlэр, социально-экономикэ щытыкlэр зыхуэдэнур куэдкlэ елъытащ абы.**

ГЪЭСЫНЫПХЪЭМ и уасэр зэрыдэкlуейм иригузавэхэм ящыщщ США-ри - энергетикэм къыщыхъуа зэфlэмыхьэныгъэхэр нэхъыбэ мэхъу икlи къэралым и lэнатlэ псоми къыщыщlагъэкlхэм егъэлеяуэ кlэрыхуныр зыхуэlуа щыlэкъым. Иужьрей илъэс 40-м я деж апхуэдэ къыщымыхъуауэ, Штат Зэгуэтхэм бензиным и уасэм процент 60-кlэ щыхэхъуащ.

Ар щынэхъ лъапlэ дыдэхэм хабжащ Гонконгыр, Сингапурыр, Алыджыр, Германиер, Украинэр. Урысейр къапщтэмэ, гъэсыныпхъэр ди деж нэхъ пуд щыхъуащ икlи а гъэсыныпхъэ лlэужьыгъуэр щэным хэтхэм къызэралъытэмкlэ, уасэр нэхъри ехуэхыну угугъэ хъунущ.

### Жыг хадэхэр къумхэм щагъэкl

**КъуэкIыпlэ Гъунэгъум хыхьэ къэралхэр ди нэгу къызэрыщlыхьэр дыгъэр щыгуащlэ дыдэ пшахъуэщl щlыпlэущ, ипэжыпlэкlэ зэрыщытри апхуэдэущ. Къапщтэмэ, Сауд Хьэрыпым и щlыналъэм и процент 90-м щlигъур къумхэм яlыгъщ.**

АПХУЭДЭ щlыпlэм щыпсэугъуафlэкъым икlи я къэралым и щlыуэпсыр ирагъэфlэкlуэн мурадкlэ а хэкум и унафэщlхэр илъэс куэд хъуауэ яужь итщ жыгхэр гъэкlыным, абы папщlи щlэныгъэм и lэмалыщlэхэр къагъэсэбэп. Я деж щхъуантlагъэр щытепщэ щlынымкlэ я хъуэпсапlэр мылъабжьэншэу къалъытэ саудейхэм. Сыту жыпlэмэ, тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэщи, илъэс минипщкlэ узэlэбэкlыжмэ, я губгъуэхэр щхъуантlагъэм щlигъэнауэ, уэлбанэ кlыхьхэр къыщыхъуу щытащ.

Щlэныгъэлlхэм къызэралъытэмкlэ, а псыр зыщlыпlи кlуакъым, ар щlы щlагъым щlэтщ икlи я щlыналъэр къэгъэщlэрэщlэжыным къыхуагъэсэбэпыну яужь итщ. Илъэс гъунэгъухэм я мурадщ, я нэхъ мащlэрамэ, жыг мелардипщl хасэну. Абыхэм я фlыгъэкlэ къумым къыlэщlахыжынущ километр зэбгъузэнатlэ мин 400. Илъэситху гъунэгъум къриубыдэу пшахъуэщl гектар мелуан 200-м жыг щыхасэну, мэкъумэш щlапlэхэм хухахыну я мурадщ хьэрыпхэм. Ар зэрызрагъэхъулlэфынур уи фlэщ зыщl лэжьыгъэшхуэ щокlуэкl къэралым.

**Мэкъуауэгъуэм и 16, *махуэку***

✦**Африкэм щыщ сабийм и дунейпсо махуэщ**

✦**1931 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн**.

✦**1940 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щlэныгъэхэмкlэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир**.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ, пlалъэ-пlалъэкlэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 17, *мэрем***

✦**Щlыр игъущыкlынымрэ уэгъумрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ**

✦**1565 гъэм** Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамстрыкъу Москва кlуащ.

✦**1961 гъэм** Налшык экранырбгъуэ зиlэ «Восток» кинотеатрыр къыщызэlуахащ.

✦**1940 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щlыхь зиlэ и артист, «Кабардинка» ансамблым и къэфакlуэу щыта **Кlэш Фёдор**.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ lущыгъэ:**

**Лlыгъэ тегъэ ищlэркъым.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и лэжьакlуэхэр хуощыгъуэ къэрал къэщэхуныгъэхэмрэ программэхэр гъэзэщlэным кlэлъыплъынымкlэ и къудамэм и унафэщl **Къунаш Заремэ Мулид и пхъум** абы и анэ **Къунаш Лилэ СулътIан и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкlыу.

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

## ГъащIэращ зызыхуэдгъасэр - еджапIэракъым



**Мэкъуауэгъуэм и 7-м егъэджэныгъэм епхауэ хъыбаритI Урысейм щызэпхыIукIащ. Зыр – Урысейр «Болон системэ» жыхуаIэ дунейпсо хабзэм къызэрыхагъэкIыжар. ЕтIуанэр – Дербент щыщ, 9-нэ классыр къэзыух щIалэ цIыкIум есэпымкIэ къэпщытэныгъэр зэрыхуэмытам щхьэкIэ зэрызыфIилъэжар.**

9-нэ, 11-нэ классхэм къыщIэкI еджакIуэхэм сабиигъуэр яIэщIэзытхъ бэлыхь фIэпщыфынущ Зыуэ щыт къэрал экзаменым. Бжыгъэрыбжэхэм зэрыжаIэмкIэ, накъыгъэмрэ мэкъуауэгъуэмрэ къриубыдэу зызыукIыж ныбжьыщIэхэм я процент 20-м щхьэусыгъуэ яхуэхъур зыщыгугъа нагъыщэхэр къазэрыхуэмыхьарщ. ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтын насыпымрэ абы и дамыгъэ къудейуэ щыт нагъыщэхэмрэ сыт хуэдизкIэ зэпэжыжьэн хуей, еджакIуэм махуэшхуэу къилъытапхъэ Iуэхур псэзэпылъхьэпIэм хуэкIуэн щхьэкIэ?

Зыми хужыIэнукъым гъэсэныгъэ Iэмалхэу тхIиягъымрэ щабагъымрэ я пщалъэр зыхуэдизыр. Псори зэлъытар сабийм и хьэлырщ. Зыр щхьэзыфIэфIщи, уи нэщхъыр хузэхыумыукIэу хъуркъым. Адрейм «тху» къыхуэмыхьмэ, адэ-анэм фIыуэ къамылъагъужыну къыщохъури, хуагъэувар къыпфIэмыIуэху хуэдэу зыкъебгъэлъагъун хуейщ. «Пхуэмытмэ, укъыдэмыхьэж!», «Си напэр тепхауэ бжы!», «Нэхъ мащIэ къэпхьауэ зызумыгъэлъагъу!» Апхуэдэ «лъагъуныгъэм» щIапIыкIа сабийхэрщ иужькIэ я адэанэхэм япэувыжхэри, егъэджакIуэхэм ефыщIауэхэри, мыхъумыщIагъэ нэхъ икIэхэм тегушхуэхэри.

Хъийм икIа акъылыншагъэкIэ фIэкIа уеджэфынукъым Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм къыщыхъуами. Егъэджэныгъэмкlэ министерствэм и лэжьакIуэ бзылъхугъэм (и цIэр къитIуэркъым) сабийхэм къэпщытэныгъэм зыри здыщIамыхьэфын щхьэкIэ, щыгъын къащымынэжыху зригъэтIэщIащ. МащIэ дыдэщ абы къызэрыкIэрыхур ди къуажэхэм къиIукI хъыбархэр. ЕгъэджакIуэхэм – адэ-анэхэр, адэ-анэхэм – егъэджакIуэхэр ягъэкъуаншэ. Ауэ пхуэмыгъэзэкIуэжын гузэвэгъуэр къэхъуа нэужь, псалъэхэм мыхьэнэ яIэжынукъым. Дауи, жытIэм къидгъэкIыркъым сабийхэр хэгъэзыхьыни егъэджэни хуэмейуэ.

Индием щыщ Ганди Махатмэ цIэрыIуэм и жьэ къыжьэдэкIауэ зы ущие дахэ щыIэщ. Мыпхуэдэу щIэ е апхуэдэу умыщIэ жепIэн ипэкIэ, цIыхум езыр фIыуэ зэрыплъагъум шэч къытримыхьэжу щытын хуейщ, ар зэреплъымкIэ. А хабзэр балигъым деж щыщыпэжкIэ, сабийм щыхуэгъэзам деж пщIыкIэ гъэбэгъуапхъэ къыщIэкIынщ.

«Мамэ! Сэ математикэмкIэ ЕГЭ-р схуэтыну къыщIэкIынкъым, - хуетх и анэм зи тхыгъэр интернетым щызэIэпах хъыджэбз цIыкIум. - Пэж дыдэу схуэтынукъым, мамэ! Минрэ сызэрыделэр, си гъащIэр пхъэнкIакIуэу зэресхьэкIынур къызжепIэми, схуэтынукъым! Папэрэ уэрэ къыстевгъэкIуадэ ахъшэр къызэрызэпхъуэнми функцэхэмрэ интегралхэмрэ нэхъыфIу хэсщIыкIыу сащIыркъым. СфIэфIыбзэу гъэщIэрэщIакIуэу (визажисту) е щхьэцщIэщэу седжэнут. Унэм сыщIэмыкIыу сылэжьэнт – цIыхухэр си деж къакIуэу, сэ я щхьэцыр яхузэщIэскъуэу е яхупызупщIу. Сыхуейкъым математикэм, мамэ! Парикмахер IэщIагъэри мыIейуэ къысфIощI. Сэ зэрыхъукIэ зыпхуэзмыгъазэмэ нэхъ къызощтэ, дызэхуэзэху экзамен гугъу къысхуэпщIынущи».

Зыуэ щыт къэрал экзаменыр, зэ IуплъэгъуэкIэ, зыкIи емыпха хуэдэу щытщ Урысейр «Болон системэм» къызэрыхагъэкIыжам. УФ-м щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтахэм хамэ къэралхэми къабыл щащI диплом зэрыратырт абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэр. КъинэмыщIауэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэр бакалавриатрэ магистратурэу зэригуэшым зы IэщIагъэм епха къудамитI зэпыпщIэну Iэмал къыуитырт. Нобэ Болон системэм къэрал 46-рэ хеубыдэ. Абы хыхьэ къэралхэм я зым ущыщмэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрызэбгъэгъуэтам и щыхьэт тхылъхэр мыдрей псоми щыпхокI. Урысейр абы къыщIыхагъэкIыжам и щхьэусыгъуэр иджыпсу къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэрщ.

ЕГЭ-р абы быдэу емыпха щхьэкIэ, депутатхэр тепсэлъыхьын щIадзащ ари хуэмхуэмурэ зэрагъэкIуэдыжынум. Iулъхьэншэу еджапIэ нэхъыщхьэм ущIэтIысхьэну Iэмал къозыт ЕГЭ-р щымыIэжмэ, абы хэлъэт зиIэ, ауэ мылъку зыбгъэдэмылъ сабийхэр гугъу иригъэхьынкIэ, щIэныгъэ зрагъэгъуэтын Iэмалым хигъэкIыжынкIэ гузави щыIэщ.

Мы IуэхуитIри зы щIэтщIар псалъащхьэу къэтщта латин псалъэжьым и мыхьэнэр къэдгъэщIэрэщIэжын щхьэкIэт. Еджа гунэф зэрыщыIэм хуэдэ дыдэу, гъащIэм къыбгъэдих щIэныгъэр тхылъ гъуэгукIэ зыIэрымыхьэ, къыдалъхуауэ хэлъэт зиIэ куэдми уарохьэлIэ. ЦIыху псори щIэныгъэм хуэщIакъым. Зыгуэрым хуэмыфI хьэдрыхэ щымыкIуэкIэ, сабийр фIыуэ зэремыджэм ар цIыху мыхъуну къикIыркъым. Къызыхуигъэщlар зэхигъэкIыу, а лъэныкъуэмкIэ иунэтIынырщ адэ-анэм я къалэныр. Кхъужьейм мыIэрысэ къызэрыпымыкIэри зыщамыгъэгъупщэмэ нэхъыфIщ.

Иджыблагъэ Инджылызым Iэтауэ щагъэлъэпIащ Елизаветэ ЕтIуанэр пащтыхь гуащэ зэрыхъурэ илъэс 70 зэрырикъуар. ЩIы хъурейм а махуэшхуэм теухуауэ щызэбгрыкIа хъыбархэм я нэхъ иныр и адэшхуэм и анэм епха дауэдапщэхэм хэмытыжыфу хьэлыншэу зыкъэзыгъэлъэгъуа, илъэсиплI фIэкIа мыхъу Луи-щауэ цIыкIум и къытехьэкIэрщ (*сурэтым*). «Унэм сышэж, сыщыIэжыфыркъым», - жиIэ къудейтэкъым сабийм. «УвыIэ» къыжезыIэ и анэм и жьэр иубыдырт, зыхузэкIэщIишырт, Iэуэлъауэрт. ИтIани, пащтыхь унагъуэм щыщ сабийм зыми «ягъэсэфакъым» хужиIакъым, и адэанэри ягъэкъуэншакъым, и ныбжьым хуэфэщэн хьэл зэрыхэлъым щыгуфIыкIа фIэкIа.

Ярэби, нтIэ, пащтыхь унагъуэм ущыщын хуейуэ пIэрэ, пэжкIэ узэджэфынум щыщу мащIэ дыдэ фIэкIа къызыхэмынэжа, зи псэугъуэ сабийхэр заукIыжыным езыхулIэ «балигъхэм» я Iуэху еплъыкIэм гущIэгъуншагъэ къыхэмыхуэн папщIэ?!

## Зыплъыхьак1уэхэмрэ бысымхэмрэ

**Гъэмахуэ зэрыхъуу, Кавказым къызэрыхь туристхэмрэ хэкурысхэмрэ зэрызэпэщIэувэм десэжакIэщ. Зыгъэпсэхугъуэм и чэзум зыми дикъуээу зымыдэну хьэщIэхэмрэ, я быным щапхъэ Iей ирагъэлъагъуну хуэмей бысымхэмрэ зыр адрейм щепщэфыIи куэдрэ къэхъуащ.**

ИЛЪЭС зыбжанэ ипэкIэ дагъыстэн, осетин, адыгэ щIалэхэр зэгурыIуам ещхьу, тепсэлъыхьауэ щытащ Кавказым хьэщIэгъуакIуэ къакIуэхэр мащIэу зыкIэлъыплъыжми ягъэ зэрымыкIынум.

«Дагъыстэным къакIуэ туристхэм занщIэу вжызоIэ: шорткIэ уэрамым фыкъыдэмыхьэ. Сабийхэмрэ бзылъхугъэхэмрэ фыкъыщалъагъункIэ хъуну ди уэрамхэм ар щыемыкIущ», - и напэкIуэцIым иритхауэ щытащ щIалэ бзаджэ гуэрым.

«ЩIалэрэ хъыджэбзрэ Мэхъэчкъалэ и уэрамым ирокIуэ. Зэрытуристыр нэрылъагъущ, - итхырт «Годекан»-м. – Хъыджэбзым егъэлеяуэ шорт кIэщI щыгъщ. Чэнджэщ естыну си бзэгур машхэ, хуэмурэ сыщIогъуэж. Аргуэру согупсысэ, езыхэр къыслъэщIыхьэху сапэплъэну мурад сощIри, сыкъоувыIэ. СыгуфIэу щIалэм сыбгъэдохьэ:

- Фи пщыхьэщхьэ фIыуэ! Фэ фытурист къыщIэкIынщ?

- НэхъыфIыжу, нтIэ!

- КхъыIэ, уи хъыджэбзым жеIэ мыпхуэдэу уэрамым дэмытыну. Фи зыгъэпсэхугъуэр къаугъэншэу екIуэкIамэ нэхъ къэсщтэнут. Тутыни емыфэну схуелъэIуж, ди дежкIэ ар щыхабзэкъым.

- Упсэу, тщIакъым. Нобэ дыкъэса къудейщ.

- Iуэхукъым. Псом нэхърэ нэхъыфIыр иджыпсту хьэщIэщым таксикIэ фыкIуэжу фи щыгъыныр зэфхъуэкIынырщ. Тыншу Тхьэм зывигъэгъэпсэху!

- Упсэу.

ГушыIэ мащIи хэлъу, «Мыр Кавказщ» интернет хэщIапIэм «Кавказым кIуэну ежьа туристым папщIэ чэнджэщхэр» зэхилъхьащ:

- ЦIыхухэм сэлам щефхкIэ, гуапэу захуэвгъазэ. ЩIалэ цIыкIухэм балигъхэм ещхьу IэкIэ сэлам ирах.

- Зыгуэрым фи жыпым ахъшэ кърикуэмэ, фымыныкъуакъуэ. МыбыкIэ псапэ зыкIэлъызэрахьэр тхьэмыщкIэхэм я закъуэкъым, атIэ гъуэгурыкIуэхэри, гъунэгъухэри, гугъу ехь псори абы хеубыдэ.

- Мэджытхэм фыщIыхьэн фымышынэ, ауэ фи вакъэр лъыфхыну зыщывмыгъэгъупщэ.

- Кавказым фыщымыхъуанэ, псом хуэмыдэу цIыхубзхэм зэхахыу. МыбыкIэ ар щыхабзэкъым. Уегупсысмэ, дэнэ ущыIэми, абы утетмэ, нэхъыфIщ.

- ЦIыхубзхэ! Тутын фемыфэ! Фхуэмышэчынумэ, ар фыкъамылъагъуу зэрыфщIэным фыхущIэкъу, къаугъэ фыхэхуэну фыхуэмеймэ. Уней фэтэрым фыщIэсмэ, Iэмал имыIэу бысимым и арэзыныгъэм фыщIэупщIэ.

- ЦIыхухэм фемыупщIу сурэт ятевмых. ЦIыхухъурэ цIыхубзрэ нэрылъагъуу зыр адрейм еIусэныр емыкIу дыдэщ. ЗэгуэкIуахэр цIыхухэм къалъагъуу IэплIэ-ба зэхуащIыным хурыресакъ.

Туристыр хамэщи, гува-щIэхами кIуэжынщ. Ауэ зы щIыналъэ къыбдис уи лъэпкъэгъум имыщIапхъэ дэплъагъумэ, дауэ узэрыхущытынур? А упщIэм и жэуапыр къалъыхъуэн щIадзащ иджыблагъэ Мэхъэчкъалэ къыщыхъуа Iэпщэрыбанэм иужькIэ.

Махуэр къызэрыгуэкI дыдэт, ММА-м хэт Магомедов Шарабутдин «Къатхэр» щэхуакIуэ центрым щIэт, токкIэ зекIуэ дэкIуеипIэмкIэ къехрэ пэт, и пащхьэм ит Ромеорэ Джульеттэрэ зэрызэхуэIэфIыр бэнакIуэм и нэм къыщIэуэу къагъэлъэгъуэн щIамыдзамэ. Ар куэдрэ мыгупсысэу и хъыджэбзым ба хуэзыщI щIалэм «къэгъанэ» жриIащ. Пщащэм и пащхьэ щагъэпуду зымыдэну щIалэм ар игу техуэнт? Тыкуэным щIэт видеом къызэрищыжымкIэ, япэу зи Iэр къэзыIэтар лъагъуныгъэм итхьэкъуа щIалэ хъыжьэрщ. Зи IэштIымыр хьэлъэIуэу къыщIэкIа Магомедовым зэрыжиIэжымкIэ, мы Iуэхур къызэрыхъурэ мазэм щIигъуащ. ЩIалитIыр зэкIужри, сэлам гуапэкIэ зэбгъэдэкIыжахэщ. Иджы ар телеграмым ит «Mash» напэкIуэцI цIэрыIуэм зэбгритыкIати, дунейм хэз хъуащ.

Хэз хъууэ къэнэжакъым. Iуэхур Къэрал Думэм нэгъунэ нэсри, Магомедовыр захуэу къэзылъытэхэм я бжыгъэм депутатхэри къахэхъуащ.

«Дагъыстэным дежкIэ уэрамым удэту цIыхубзым ба хуэпщIыныр хьэкIэкхъуэкIагъэщ, - жиIащ Iуэхум тепсэлъыхьа, Дагъыстэн дин IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Майоранов Магомед. – ИтIани, зымыщIапхъэ зыщIэм уеущиеныр къезэгъми, абы уеуэ зэрымыхъунур зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым».

Туристхэм яхуэдзэлашхэ бысимхэм губзыгъэу захуигъэзащ Хидирбеков Абдуллаи: «Туристхэм фигу иримыхь ядэфлъагъуну фыхуэмеймэ, ди республикэхэм къакIуэхэр къыщIывдэплъеин щэн дахэ зыхэвгъэлъ. Ди зэхэтыкIэм евгъэхъуапсэ, армыхъумэ, зи дагъуэ зымыщIэж бысим тэмакъкIэщIу зыкъэдвмыгъэгъэлъагъуэ».





## «Шыхулъагъуэм» и лэжьыгъэр зэхаублэж

**КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм зэхыхьэ гуапэ щекIуэкIащ, абы и унафэщI Тхьэгъэзит Юрэ и жэрдэмкIэ республикэм и тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм щадэлажьэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм и лэжьыгъэр зэриублэжым теухуауэ.**

ЗЭХЫХЬЭР ирагъэкIуэкIащ тхакIуэ Хьэх Сэфарбий и нэIэм щIэта «Шыхулъагъуэ» хасэм екIуалIэу щыта, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **НафIэдз Мухьэмэдрэ** КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ **Мыз Залинэрэ**.

- Хьэх Сэфарбий къызэригъэпэщауэ икIи иригъэкIуэкIыу щыта япэрей зэхуэсхэм я хабзэм тету, тхэн щIэзыдзагъащIэ ныбжьыщIэхэр я IэдакъэщIэкIхэм къеджэурэ акъыл зэхэдзэ тщIыну, гукъанэ хэмылъу, щхьэж и Iуэху еплъыкIэхэр утыку кърихьэурэ ахэр едгъэфIэкIуэну ди мурадщ, - жиIащ НафIэдз Мухьэмэд. – Мазэм зэ дызэхуэсу дызэдэлэжьэну дыубзыхуащи, хасэм къекIуэлIэну гупыж зыщI дэтхэнэри фыкъыдогъэблагъэ!

- Министерствэм къыбгъэдэкIыу куей зыбжанэм хъыбар езгъэщIащ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэхуэсым и лэжьыгъэр зэрыдублэжым теухуауэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мащIэ дыдэщ еджакIуэу тхэным тегушхуэр. Ар и нэщэнэщ адыгэбзэр махэ зэрыхъум, икIи, сэ сызэреплъымкIэ, бзэм хуэлажьэ дэтхэнэми ди къалэнщ ди къарур зэщIэдгъэуIуэу абы зедгъэужьыну, - жеIэ Мыз Залинэ. - Осетие Ищхъэрэ - Аланием и сабий гъэсапIэхэмрэ курыт еджапIэ зыбжанэм я 1 - 4-нэ классхэмрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ дерсхэр осетиныбзэкIэ щрагъэдж. Сабийхэм я бзэм зрагъэужь, абы тещIыхьа программэм тету. Ди республикэми нэгъабэ гъэ еджэгъуэщIэм едгъэжьауэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр къэпщытэныгъэ щIыкIэу сабий сад зыбжанэм щыдогъэкIуэкI. Гъэ къакIуи а Iуэхум нэхъри зедгъэубгъуну ди мурадщ.

ЗэIущIэм хэтащ республикэм и тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ ядэлажьэ я егъэджакIуэхэмрэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

## Ди нэIэ зытетыпхъэр



Дызэрыбауэ хьэуар зэрауфIейм иужьрей зэманым егъэгузавэ IэщIагъэлIхэри къызэрыгуэкI цIыхухэри. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2021 гъэм Урысейм щатхащ хьэуар фIей щыхъуа Iуэхугъуэ 406-рэ. Росгидрометым къиих бжыгъэхэр и лъабжьэу, «FinExpertiza»-м иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэм кърикIуамкIэ, ар процент 23-кIэ нэхъыбэщ ипэ ита илъэсым нэхърэ. Къапщтэмэ, иужьрей илъэс 17-м апхуэдиз дыдэ зэи щыIакъым.

Нэхъыбэрэ хьэуар щауфIейр Бурят, Красноярск, Иркутск, Оренбург, Самарэ щIыналъэхэрщ. КъищынэмыщIауэ, къэпщытакIуэхэм нэгъабэ къахутам яхэтщ къэхъукъащIэ шынагъуэхэм хьэуар щауцIэпIа Iуэхугъуэ 25-рэ (хуэдитIкIэ нэхъыбэ хъуащ 2020 гъэм елъытауэ). КъызэрыхагъэщымкIэ, щхъухь хэту хьэуам хипхъэхэм я бжыгъэри нэгъабэ мэлыжьыхьымрэ шыщхьэуIумрэ куэду щытащ (а псори Норильск къалэрщ зыхуэзэр).

Хьэуар нэхъыбэу зыуфIей пкъыгъуэхэм ящыщщ сероводородыр (промышленнэ IуэхущIапIэхэмрэ кIэрыхубжьэрыхухэр щызэхуахьэс щIыпIэхэмрэ къыхэкI газыр), бензпиреныр (щагъэскIэ щхъухь къызыпкърыкIыр), тхъуэбзащхъуэр (серэ диоксидыр - фIамыщIрэ щIыдагъэрэ щагъэскIэ къыхэкI газщ).

Хьэуам и къабзагъэмкIэ ди зэманым гугъуехьхэр нэхъыбэ дыдэу здэщыIэр Китайрщ. Иужьрей илъэсипщI зыбжанэм къэралым и промышленностым щIэгъэхуэбжьауэ зэрызригъэужьымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ Iуэхухэр Iэпэдэгъэлэл зэращIамрэ щытыкIэр шынагъуэ ящIат. Уеблэмэ Китайм и къалэ нэхъ инхэм къащхьэщыт гъуэзым и Iувагъым къэрал унафэщIхэр апхуэдизкIэ игъэгузэвати, абы и хэкIыпIэу къагъуэтар хьэуар зыгъэкъабзэ, метри 100 зи лъагагъ быдапIэр яухуэнырт. Ар 2018 гъэм щагъэуващ Сиань къалэм и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэм икIи къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуат километр зэбгъузэнатIэ мини 10-м щIигъум хьэуар щигъэкъэбзэну абы зэрыхузэфIэкIыр. Нэхъ ипэкIэ хьэуар зыгъэкъабзэ апхуэдэ быдапIэ Пекин щагъэувауэ щытат, ауэ абы и лъагагъыр метр 20 хъууэ арат икIи электрокъарукIэ лажьэрт. Iуэхум и мыхьэнэр зыхэзыщIа Китайм и мурадщ апхуэдэ ухуэныгъэхэр дэнэкIи щигъэувыну. БыдапIэхэм я лъагагъыр къалэхэм я инагъым елъытауэ щытынущ. Языныкъуэхэм деж метр 500-м щынэсынкIи хъунущ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и мурадщ «Хьэуа къабзэ» федеральнэ проектым хиубыдэу, хьэуам хыхьэ пкъыгъуэ фIейхэр игъэмэщIэну е ахэр щIыуэпсым зэран хуэмыхъуу ищIыну. Программэр зэкIэ промышленнэ IуэхущIапIэ инхэр зыдэт къалэ 12-м щылажьэу аращ. КъищынэмыщIауэ, 2023 гъэм ирихьэлIэу ди къэралым къыщызэрагъэпэщыну я гугъэщ экологиер къызэрапщытэну федеральнэ системэр. Шэч зыхэмылъщ мы Iуэхур псом япэ уи нэIэ зытебгъэтын хуейхэм зэращыщыр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Насып дерсхэр

**Гейдельберг нэмыцэ къалэм школ директору щылэжьа, философие щIэныгъэхэм я доктор Шуберт Эрнст илъэс 15 ипэкIэ сабийхэм папщIэ дерсыщIэ зэригъэпэщауэ щытащ. Иджы абы и цIэр зезыхьэ институтым насыпым хуэзыгъасэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр.**



«НАСЫПЫФIЭ ухъун папщIэ пщIэн хуейм зэрыхуегъэджапхъэр къыщызгурыIуам щыгъуэ, егъэджакIуэу сызэрылажьэрэ илъэс 30 хъуакIэт, - игу къегъэкIыж Шуберт. - Зы махуэ къэмынэу слъагъурт еджапIэр сабийхэр щынасыпыфIэ щIыпIэу зэрыщымытыр. Егъэджэныгъэм и къалэныр сабийхэр иригъэджэным и закъуэкъым. ЦIыкIухэм щIэ гуэр къызэращIэм ягу хигъахъуэу, ар яфIэфIу щытын хуейщ. Си гугъэмкIэ, ди школхэм щIэныгъэм дыхуэпабгъэн хьэлыр тфIагъэкIуэд. Педагогикэми психологиеми хуеджа егъэджакIуэхэр я гъэсэнхэм «щIэныгъэ зыкIуэцIакуэ машинэу» къащыхъу фIэкIа пщIэнкъым. ЕгъэджакIуэм и къалэныр сабийхэм я дагъуэр къигъуэтынракъым. Дыщэ къэзылъыхъуэм ещхьу бгъэдэтын хуейщ ар сабийм, абы къыдалъхуа зы фIи IэщIэмыкIын хуэдэу. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм лъэныкъуитIри иригъэфIэкIуэнущ».

Шуберт игу къегъэкIыж гулъытэ зыхуамыщIыххэ еджакIуэхэм игу ящIэузу зэрыщытар. Абыхэм апхуэдизкIэ лейуэ зыкъалъытэжри, школым гухэщIыгъуэ фIэкIа къыщIахыркъым. Апхуэдэурэщ абы игу къызэрыкIар сабийр псэ быдэу къэзыгъэтэджыну зи къалэн, «Насып» зыфIища дерсхэр къызэригъэпэщыныр. «Къэпщытэныгъэ куэдым къагъэлъэгъуащ и гъащIэмкIэ арэзы цIыху насыпыфIэхэр нэхъ мащIэрэ зэрызэфIэнэм, акъылкIэ сытри тыншу къызэрапхъуатэм, гукъэкI нэхъ зэраIэм», - жиIэрт щIэныгъэлIым.

Дауэ-тIэ насып зыIэрыбгъэхьэным хуэIэзэ узэрыхъунур? Сабийм и гур зыгъэзэгъэну хъуэпсапIэм зэрытеIэбэну щIыкIэр хузэгъэзахуэу, гъащIэм щилэжьынумрэ щищIэнумрэ и нэгум къыщIигъэхьэу ирагъэсэну хэтщ егъэджакIуэхэр. Псалъэм папщIэ, лей зэрызытумыгъэхьэным, цIыхухэм уазэрыдекIуэкIыным, уи щхьэр уигу тебгъэхуэжыным, дунейм уезэгъыным, къинэмыщIхэм.

Еджэгъуэр Iыхьиплlу гуэшащ, дэтхэнэ зыри зы упщIэм епхауэ: Сыхэт сэ? Сыт схуримыкъур? Сыт схуэщIэр? Сыт сызыщIэхъуэпсыр? Сабийхэр я гуращэхэм я мыхьэнэм щIэгупсысу, абыхэм ялъэIэсын папщIэ ящIэн хуейхэр зэпалъытыфу къагъэтэдж. Апхуэдэ дыдэу ахэр топсэлъыхь «мыхъуахэми». Псо дыдэри къызэромыхъулIэнум зыхуэбгъэхьэзырмэ нэхъыфIщ. Щыуагъэхэмрэ гугъуехьхэмрэ гъащIэм хуэIущ узэращIми уемылъэпауэу.

Псалъэм папщIэ, пэщIэдзэ классхэм щIэсхэм мыпхуэдэ джэгукIэ яIэщ. Зыр шэнтым тесу, адрейм блэкI пэтрэ и гуапэ хъун гуэр щэхуу къыжреIэ. Хэти егъэунэху псалъэ гуапэм уи гукъыдэжыр къызэриIэтыр, адрейхэр бгъэпудыным фэ Iей къызэрыптригъауэр.

«ЕджакIуэ нэхъыжьхэм щхьэкIэ «Хьэл-щэн дахэхэр щахъумэ сэрей» къэзгупысащ», - жиIэжырт Шуберт. - Аристотель щэн дахэу кърибжэкIахэр я лъабжьэщ абыхэм. Сабийр зыкIэлъыплъыжыфу, и Iуэху зыIутыр къыгурыIуэжрэ абы имыгъэгужьейуэ мэхъу, хьэлыфIу яхэлъхэми гу лъатэ абыхэм я фIыгъэкIэ».

Зыгуэр ихъуэжрэ мы дерсхэм? Насыпыншэр насыпыфIэ ищIрэ?

ЩIэныгъэлIхэр зыдагъэIэпыкъуурэ я нэгу щIэкIахэр зэщIакъуэжа нэужь, егъэджакIуэхэм къагурыIуащ насыпым хуеджахэм я щхьэ пщIэ нэхъ хуащIыж зэрыхъур. Ахэр икIи нэхъ гумащIэщ, нэхъ тэмакъкIыхьу я ныбжьэгъухэм яхущытщ. ЗыхущIэкъухэр къазэрехъулIэнуми къытрахьэ шэчыр нэхъ мащIэщ.

ДерсыщIэр Германием нэмыщI, Австриеми, Швейцариеми, Италиеми щызэбгрыкIащ.

«ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыныр насыпыфIэ узыщI Iуэхухэм язщ, - куэдрэ жиIэрт Шуберт. - Ауэ ар ухагъэзыхь зэпыту фIэкIа емыкIуэкIмэ, еджэныр плъагъу мыхъуу ухъунущ. Иджы биологиемрэ физикэмрэ я гъусэу насып дерсми хуеджэнущ».

Iыхьих мэхъу сабийхэр зрагъасэ «насыпыфIэ узыщI Iэмалхэр»: фIыуэ пхэлъыр зэбгъэщIэну, зыгуэр ущыхуейм деж абы ущIыхуейр зыгурыбгъэIуэну, абы узэрыхуэкIуэну щIыкIэм уегупсысыну, Iэмал уиIэхэр зэпэплъытыну, уи мурадхэр къохъулIэн папщIэ нэхъыфIыр къыхэпхыфыну, къохъулIар узыхуеяр арарэ армырарэ зэхэбгъэкIыну.

Насып дерсыр адрейхэм къазэрыщхьэщыкIыр зыщ – абыкIэ къэпщытэныгъэ ятыркъым. ИтIани, нагъыщэ пхуагъэувын щхьэкIэ, зыгуэрхэр пщIэн хуейщ: фильм тепхын, зэпеуэм ухэтын, псапэ пщIэн, къинэмыщIхэр. Щхьэж и гуращэм зэрыхуэкIуа Iыхьихым зэрыпхыкIам теухуа хъыбарри щIэщыгъуэу ятхыжыныр я къалэнщ еджакIуэхэм.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар*
**ЧЭРИМ Мариannэщ.**

## Гъэмахуэм нэхъыфI сыт щыIэ!

**Налшык иджыпсту гъэмахуэ лагеру 5 щолажьэ. Ахэр къыщызэIуахащ курыт еджапIэ №16-м, №18-м, №20-м, №33-м, МКОУ СОШ прогимназие №41-м.**

ГЪЭМАХУЭР икIыху абыхэм зыщагъэпсэхунущ икIи я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэнущ сабий 400-м нэблагъэм. Абыхэм нэхъыбэу къащтар бынунагъуэшхуэхэмрэ псэуным теухуауэ гугъу ехьхэмрэ я бынхэрщ.

Пщэдджыжьым щыщIэдзауэ шэджагъуэ нэужь хъуху цIыкIухэр здэщыIэ лагерхэм къэуат зыщIэлъ ерыскъыхэкIхэмкIэ махуэм тIэу щагъашхэ. Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр нэгузыужьу икIи щIэщыгъуэу ягъэкIуэным хуэгъэпсауэ лагерь къэсыху езым и программэ щхьэхуэ иIэжщи, абы тету мэлажьэ.

Зи гугъу тщIа школ лагерхэр щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэту Налшык дэт центрхэм егъэбыдылIауэ щытщ. Абыхэм я гъэсакIуэхэм сабийхэм драгъэкIуэкI IэпщIэлъапщIэнымкIэ, пхъэм, тхылъымпIэм, ятIэм, нэгъуэщI пкъыгъуэхэм елэжьынымкIэ дерсхэр. Апхуэдэу цIыкIухэр яфIэфIу макIуэ лъэпкъ къафэхэмкIэ, уэрэд жыIэнымкIэ гупжьейхэм, джэгу зэпеуэхэми хэтщ. Нэгузыужь программэхэр ирагъэкIуэкI зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI гъэсакIуэхэмрэ къызэгъэпэщакIуэхэмрэ. КъищынэмыщIауэ, сабийхэр къыщрашэкI ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм, жьы къабзэкIэ ахэр щагъэбауэ псы, гуэл Iуфэхэм, къалэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэр ирагъэлъагъу.

ЦIыкIухэр школ лагерхэм щыIэнущ мэкъуауэгъуэм и 21-м нэсыху.

**ЖАНХЪУЭТ Зуээ.**





# Ди хьэщIэ лъапIэ «Ислъэмей»

**Адыгейм лъэпкъ уэрэдхэмкIэ и «Ислъэмей» къэрал ансамблым иджыблагъэ Музыкэ театрым концерт ин щитащ. Ар къызэрызэрагъэпэщрэ гъэ кIуам илъэс 30 ирикъуащ. ЦIыхум дежкIэ а зэманыр ныбжьышхуэу къамылъытэми, ансамблым щхьэкIэ гъуэгуанэ хъарзынэщ, жыпIэнурамэ, лIыгъэщ апхуэдиз илъэскIэ творческэ гупым я пщIэ, зэфIэкI мыкIуэщIу зэтепIыгъэныр. Абыхэм я концерт зэ нэхъ мыхъуми щIэсауэ ахэр фIыуэ зымылъэгъуа щыIэу си фIэщ хъуркъым.**

АР КУЭДКIЭ и фIыгъэщ гупыр 1991 гъэм зэхуэзышэса композитор, Урысейм и цIыхубэ артист, УФ-м и Правительствэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Нэхей Аслъэн. Ансамблыр щызэхаша япэ илъэсхэм щыщIэдзауэ ар ди къэралми хамэ щIыпIэхэми цIэрыIуэ щыхъуат. Лъапэ махуэ щэнхабзэ дунейм хэзыча гупым я ехъулIэныгъэр и фIыгъэу къалъытэ абыхэм лъэпкъ уэрэдыжьхэмрэ къафэхэмрэ гъащIэщIэ зэрыратыжам. Художественнэ унафэщIым Iуэхум къыхуигъуэта творческэ бгъэдыхьэкIэм и фIыщIэкIэ, абыхэм адыгэ щэнхабзэм я увыпIэ щхьэхуэ щаубыдыжри щIэх дыдэу зауэжьащ. Пэжу, Нэхейм къигъэсэбэпын щIидзат макъамэм IукIэ щIэщыгъуэ зэрырат Iэмал гъуэзэджэхэр.



Иджыки ансамблым и пщIэри щIэупщIэри инщ, лъэпкъ щэнхабзэм и фIыпIэхэм ар зэращыщыр зымыщIэр хэт?!

Музыкэ театрым цIыхур щыкуэдт. Апхуэдэщ ансамблыр Налшык къэкIуэху. Пэжщ, абы дапщэщи кIуэ зэпытхэри зэрыщыIэм гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Сыти жыIи, ди цIыхухэм лъэпкъ гъуазджэр фIыуэ ялъагъу, армыхъумэ, апхуэдиз цIыхур сытым къришэлIат?! Зи лъэр щIэлъэту зи гур жэрыжэ щIалэгъуалэм ягу дыхьэн, зи хьэлрэ гупсысэрэ зэтеубыда нэхъыжьыIуэхэр дэзыхьэхын макъамэрэ къафэрэ я куэдщ гупым. Абыхэм я макъ зэщIэжьыуэр-щэ?! Иджырей артистхэм лъэныкъуэ псомкIи къызэгъэпэщауэ мащIэщ яхэтыр. «Ислъэмейм» хэтхэр я макъкIи, макъамэкIи, фащэкIи, зыIыгъыкIэкIи, ягъэзащIэ уэрэдхэм ящIэлъ гупсысэкIи къызыхуэтыншэщ. Абыхэм ягъэбзэрабзэ лъэпкъ Iэмэпсымэхэр-щэ?! Си щхьэкIэ илъэс куэд щIауэ а гупыр фIыуэ солъагъу, абыхэм ягъэзащIэм щыщ куэд си уэрэдылъэм щызогъафIэ. Пшыхьым щIэсхэм уахэплъэмэ, апхуэдэр сызэримызакъуэр гурыIуэгъуэт.

Абы щагъэзэщIащ композитор цIэрыIуэхэу ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ Нэхей Аслъэнрэ я IэдакъэщIэкIхэм ящыщ, тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр. «Къызбэч и удж», «Ежьу», «Нартхэм я рапсодие», «Абазэхэхэм я зекIуэ уэрэд», «Адэжь унэ», «Удж», «ШырытIым», «Нэ къуэлэн» къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ ягъэзэщIащ ансамблым. Пшыхьым япэу утыку къыщрахьащ «Ислъэмей къафэм и уэрэдыр» (зытхар Нэхей Аслъэнщ).

Къуэш республикэм и ансамбль цIэрыIуэм псалъэ гуапэкIэ зыхуигъэзащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

- Адыгэ щэнхабзэр апхуэдэу дахэу, Iэтауэ дунейпсо утыку къызэрифхьэм папщIэ фIыщIэ ин фхуэсщIыну сыхуейщ. Ныщхьэбэ ди нэгу щIэкIар зи лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, абы гурэ псэкIэ бгъэдэт цIыхум къызэригъэщIар нэрылъагъущ, - жиIащ Къумахуэм.

- Мухьэдин жиIахэмкIэ сыарэзыщ, - къыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Ингуш республикэхэм я цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим. - Нэхей Аслъэн лъэпкъым хуищIар къыпхуэмылъытэну инщ. Адыгэ утыкур зыгъэдахэ гупым иджыри илъэс куэдкIэ фефIакIуэу, зыужьыныгъэ фиIэу ефхьэкIыну си гуапэщ, - захуигъэзащ абы «Ислъэмейм» хэтхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, режиссёр, продюсер цIэрыIуэ Хьэцей Тимур къыщыпсалъэм, махуитI ипэ «Черкес FM» радиом и цIэкIэ Москва щекIуэкIа концертыр «Ислъэмейм» къызэрызэIуихар, кърихьэлIахэм Iэгуауэ инхэр хуаIэту ар куэдрэ ямыутIыпщу зэраIыгъар жиIащ.

Гупым хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь.

Адыгэ Республикэм и ансамбль цIэрыIуэр ди щIыналъэм щыпсэухэм фIыуэ зэралъагъум и щыхьэтт тIысыпIэ нэщI къамыгъанэу къекIуэлIахэм я Iэгуауэ инхэр.

ЕфIакIуэну, зауэжьыну!

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

# Бахъсэндэсхэм «Тэрчыр» зыкIэрагъэху

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и етхуанэ, еханэ джэгугъуэхэм хыхьэ зэIущIэхэр мы махуэхэм зэхэтащ.**



МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 11-м екIуэкIа зэпэщIэтыныгъэхэм ящыщу топ нэхъыбэ дыдэ щыдагъэкIа хъуащ «Родник»-мрэ «Шэрджэсымрэ» яйм. Псынэдахэ щызэхэта зэIущIэм хэгъэрейхэм топибгъу щыхудагъэкIащ шэджэмдэсхэм. ХьэщIэхэм абы и жэуапу иратыжыфар зы къудейщ.

КъыкIэлъыкIуэ ещанэ текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ Шэджэм ЕтIуанэ и командэми. Я унэ щыIэу ар зымащIэкIэ ефIэкIащ Налшык и «Къэбэрдейм». Иджырей ехъулIэныгъэм иужькIэ шэджэмдэсхэр нэхъ гъунэгъу хуэхъуащ зэхьэзэхуэм и медалхэм щIэбэнхэм.

«Псыгуэнсумрэ» Налшык и СШОР-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр шэч къызытумыхьэн хэгъэрейхэм я текIуэныгъэкIэ, 3:1-уэ, иухащ.

Етхуанэ джэгугъуэм и зэIущIэ нэхъыщхьэу щытащ иджыри къыздэсым хэщIыныгъэ ямыгъуэту къекIуэкIауэ зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм щыпашэ «Автозапчасть»-мрэ «Тэрчымрэ». Прохладнэ щызэхэта зэпэщIэтыныгъэм бжыгъэшхуэкIэ 3:0-у текIуэныгъэ щызыIэрагъэхьащ бахъсэндэсхэм. ЗэIущIэм тIэунейрэ къыщыхэжаныкIащ лъэхъэнэ блэкIам и гъуащхьауэ нэхъыфI хъуа Апажэ Чэрим. Абы иужькIэ Бахъсэн и командэм зэхьэзэхуэм щхьэзакъуэ пашэныгъэр щиубыдащ, щIымахуэ чемпионатым къащефIэкIа джылахъстэнейдэсхэр зыкIэрагъэхури.

Пашэхэм жыджэру яхэтщ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-ри. И унэ щыIэу абы 2:1-уэ хигъэщIащ «Кэнжэр».

Балъкъ Iуфэм щекIуэкIа «Малка»-мрэ «Псыкуэд-Марвил»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэм къарикIуа бжыгъэр куэдым гъэщIэгъуэн ящыхъуакъым. И очкохэм иджыри 3 хилъхьащ Малка и командэм. Мы гъэ джэгугъуэр зэрыщIидзэрэ зы очко закъуи зыIэрызымыгъэхьэфа хьэщIэхэр турнир таблицэм и иужьрей увыпIэм я закъуэу къыщынащ.

ИкIэм-икIэжым япэ текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ «Урыхум». Анзорей щекIуэкIа зэIущIэм хэгъэрейхэм 5:3-уэ щыхагъэщIащ «Ислъэмейр». Къыхэдгъэщынщи, ислъэмейдэсхэм етхуанэ джэгугъуэр яхуэфIакъым - япэ хэщIыныгъэр Лэскэн щIыналъэм щагъуэтащ.

Алътуд щыIэу «Искра»-р бжыгъэшхуэкIэ хигъэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и футбол командэ нэхъыщхьэм и щIалэгъуалэ гупым. «Спартак-Д»-м дигъэкIа топитхум и жэуапу хэгъэрейхэм иратыжыфар зы къудейщ.

Зы махуэкIэ загъэпсэхури къыкIэлъыкIуэ, еханэ, джэгугъуэр ирагъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм хэт командэхэм. Мыгъэрей джэгугъуэ лъэхъэнэм абы япэу щылъэпэрэпащ «ЛогоВАЗ»-р. Бабугент щыIэу ар хигъэщIащ Псынэдахэ и «Родник»-м. ХьэщIэхэм текIуэныгъэ къахуэзыхьа топ закъуэр дигъэкIащ Бекъан Алан.

Шэджэм ЕтIуанэ щызэхэта «Шэрджэсымрэ» «Къэбэрдеймрэ» я зэIущIэм щытекIуэнур зэпэщIэтыныгъэр иухыху наIуэу щытакъым. ИкIэм-икIэжым хьэщIэхэм пашэныгъэр къахуихьащ Гуэнгъэпщ Аслъэнбэч дигъэкIа топитIым.

Джэгугъуэ блэкIам зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм щыпашэм бжыгъэшхуэкIэ къыщыхигъэщIами «Тэрчым» къэувыIэн мурад иIэкъым. И унэ щыIэу ар бжыгъэ мащIэкIэ щытекIуащ Алътуд и «Искра»-м.

Зэхьэзэхуэм япэу къыщыхагъэщIащ «Шэджэм-2»-р. Хэгъэрейхэм я гъуэм жэуапыншэу топищ дигъэкIащ «Малка»-м. Иужьрей джэгугъуэм иужькIэ шэджэмдэсхэр зымащIэкIэ къыкIэрыхуащ зэпеуэм и гуп нэхъыфIищым.

Псыкуэд и командэм гъэ джэгугъуэм и щIэдзэкIэр къызэремыхъулIэщ. КъыкIэлъыкIуэ еханэ хэщIыныгъэр и унэ щыIэу абы иригъэгъуэтащ «Псыгуэнсум». Хэгъэрейхэм ящыщ Мамыхъу Аскэр дигъэкIа топитIым зэщхьэщыкIыныгъэр нэхъ мащIэ ищIа мыхъум ехъулIэныгъэ къахуихьыфакъым. ХьэщIэхэм щэнейрэ псыкуэддэсхэм я гъуэр хагъэщIащ.

Зэхьэзэхуэм япэ очкохэр щызыIэригъэхьащ СШОР-м. «ДыгъафIэ къалэм» и стадионым абы бжыгъэшхуэкIэ щыхигъэщIащ «Урыхур». Къыхэдгъэщынщи, а зэIущIэр джэгугъуэм и топ нэхъыбэ (8) щыдагъэкIа хъуащ.

Пашэм зэрыхуэфащэу зи чэзу текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ «Автозапчасть»-м. Ислъэмей щыIэу щIыпIэ командэр 5:0-у хагъэщIащ бахъсэндэсхэм. ХьэщIэхэм ящыщу щэнейрэ къыхэжаныкIащ Бэчбо Мурат. Топ зырыз дагъэкIащ Бажэ Амиррэ Урыс Аслъэнрэ.

КъыкIэлъыкIуэ, етхуанэ хэщIыныгъэр игъуэтащ «Кэнжэ»-м. Жэуапыншэ топищ абыхэм я гъуэм дигъэкIащ «Спартак-Д»-м.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: *етхуанэ джэгугъуэ* - «**Искра**» (Алътуд) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **1**:**4**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **5**:**3**, «**Малка**» (Малка) - «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - **6**:**0**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **2**:**1**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **3**:**0**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **СШОР** (Налшык) - **3**:**1**, «**Къэбэрдей**» (Налшык) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **2**:**3**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **9**:**1**; *еханэ джэгугъуэ* - «**ЛогоВАЗ**» - «**Родник**» - **0**:**1**, «**Шэрджэс**» - «**Къэбэрдей**» - **1**:**2**, «**Тэрч**» - «**Искра**» - **1**:**0**, «**Шэджэм-2**» - «**Малка**» - **0**:**3**, «**Псыкуэд-Марвил**» - «**Псыгуэнсу**» - **2**:**3**, **СШОР** - «**Урыху**» - **6**:**2**, «**Ислъэмей**» - «**Автозапчсть**» - **0**:**5**, «**Кэнжэ**» - «**Спартак-Д**» - **0**:**3**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: мэкъуауэгъуэм и 18-м - «Къэбэрдей» - «ЛогоВАЗ», «Малка» - «Шэрджэс», «Псыгуэнсу» - «Шэджэм-2», «Автозапчасть» - СШОР; мэкъуауэгъуэм и 19-м - «Родник» - «Кэнжэ», «Урыху» - «Псыкуэд-Марвил», «Искра» - «Ислъэмей», «Спартак-Д» - «Тэрч» командэхэр.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **6** | **6** | **0** | **0** | **25-5** | **18** |
| **2. «ЛогоВАЗ»** | **6** | **4** | **1** | **1** | **12-7** | **13** |
| **3. «Тэрч»** | **5** | **4** | **0** | **1** | **12-6** | **12** |
| 4. «Шэджэм-2» | 6 | 3 | 2 | 1 | 17-14 | 11 |
| 5. «Родник» | 4 | 3 | 1 | 0 | 25-4 | 10 |
| 6. «Спартак-Д» | 5 | 3 | 1 | 1 | 20-6 | 10 |
| 7. «Ислъэмей» | 5 | 3 | 0 | 2 | 16-16 | 9 |
| 8. «Искра» | 6 | 3 | 0 | 3 | 13-13 | 9 |
| 9. «Малка» | 6 | 3 | 0 | 3 | 12-16 | 9 |
| 10. «Къэбэрдей» | 5 | 2 | 0 | 3 | 10-13 | 6 |
| 11. «Псыгуэнсу» | 5 | 2 | 0 | 3 | 10-15 | 6 |
| 12. «Урыху» | 5 | 1 | 1 | 3 | 10-20 | 4 |
| 13. «Шэрджэс» | 6 | 1 | 1 | 4 | 13-24 | 4 |
| 14. СШОР | 4 | 1 | 0 | 3 | 9-9 | 3 |
| **15. «Кэнжэ»** | **6** | **0** | **1** | **5** | **9-21** | **1** |
| **16. «Псыкуэд-Марвил»** | **6** | **0** | **0** | **6** | **6-30** | **0** |




# Москва - Брест

**ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкIэ Урысей академием Кавказ Ищхъэрэм щиIэ къудамэм и студент Мэремщауэ Хъызыр «Непокорённые» зи фIэщыгъэ дунейпсо проектым хэтынущ. ЩIалэр КъБР-м хыхьэ, Малкэ къуажэм щыщщ. Гупым яхэту Москва щыщIэдзауэ Брест нэс абы зыщиплъыхьынущ ЛIыхъужьыгъэм и къалэ пщыкIузым.**

АР ХЭТЫНУЩ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьам теухуауэ екIуэкIыну Iуэхугъуэхэм. КъыщыувыIэ къалэхэм щIэныгъэлIхэр къыщеджэнущ лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэм теухуа лекцэхэм. Ахэр хуэунэтIауэ щытынущ Урысеймрэ СНГ-мрэ я щIалэгъуалэм я гупсысэм зегъэужьыным, ТекIуэныгъэ Иныр зэрызэдайр зыхегъэщIыкIыным, щIэблэр къуэшыгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ къыхуеджэным. Зи гугъу тщIы къалэхэм зыщаплъыхьыну къыхахащ къэрал 14-м щыщ цIыхуищэ. Проектым хэтхэр щхьэж и къэрал ягъэзэжа нэужь ялъэгъуамрэ къащIахэмкIэ ядэгуэшэнущ студентхэмрэ школакIуэхэмрэ.

Гъуэгу теувэнухэм яхэтщ Беларусым, Къыргъызстаным, Абхъазым, Таджикистаным, Узбекистаным, Туркменистаным, Преднестровьем, Молдовэм, ЛНР-мрэ ДНР-мрэ, Венгрием, Сербием, КНР-м щыщхэр.

«Непокорённые» дунейпсо проектыр къызэзыгъэпэщыр Ломоносовым и цIэр зезыхьэ дунейпсо клубырщ. Абы дэIэпыкъу Президентым и грантхэм я фондыр, Лъэпкъхэм я IуэхухэмкIэ Федеральнэ агентствэр, Урысейм Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ, апхуэдэуи Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэр.

- Си гуапэщ тхыдэ фэеплъыр хъумэным теухуа апхуэдэ Iуэху щхьэпэм сызэрыхэтыр. ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэныр къэрал узыншэм и нэщэнэщ, - жиIащ Мэремщауэ Хъызыр.

Мэремщауэр «Хэкум и бынхэр» («Сыны Отечества») дзэ-хэкупсэ клубым и унафэщIщ, Хэку зауэшхуэм и зауэлI 415-м я цIэхэр къэзыхутэжа лъыхъуакIуэ гупым я пашэщ.

- ЛIыхъужьхэм я цIэхэр тщыгъупщэ хъунукъым. Хъыбарыншэ хъуахэм я цIэхэр къэтхутэжыныр, я фэеплъыр къэтIэтыжыныр псэухэм ди къалэну къызолъытэ, - жиIащ студентым лъыхъуакIуэ гупым я лэжьыгъэм теухуауэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр - электроннэу

**Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм лицензэ зыт - лэжьэну хуит зыщI и центрым хъыбар фегъащIэ цIыху щхьэхуэхэм, лэжьыгъэм, уней хъумакIуэ Iуэхум епхауэ Iэщэ зыIыгъхэм абыкIэ хуит зыкъевгъэщIын папщIэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр электроннэу зэфIэвгъэкIын зэрыхуеймкIэ. Апхуэдэ лъэIухэр къэрал, муниципальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ зыуэ щыт порталым егъэхьын хуейуэ аращ.**

IУЭХУТХЬЭБЗЭХЭР нэхъ тыншу зэфIэха зэрыхъунум фыщегъэгъуазэ Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэм федеральнэ къулыкъумкIэ и официальнэ, апхуэдэуи www.gosuslugi.ru сайтхэм.

Граждан, лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп Iэщэхэр зехьэнымкIэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэм ехьэлIа упщIэ зиIэхэм зыхуагъазэ хъунущ Лицензэ зыт - лэжьэну хуит зыщI центрым мы телефонхэмкIэ: 96-61-43, 96-63-56, 96-63-31, Налшык къалэм и кодыр 8-8662.

Центрым и хэщIапIэр: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Калиниградскэ уэрам, 49.

***Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# ПщIэну щхьэпэщ

**Тыкуэнышхуэхэм дыщыщIыхьэкIэ, Iэблэм фIэлъ сумкэ цIыкIухэм къиищынэмыщIауэ, мыдрейуэ тIыгъыр куэду зэпрыгъэлыкIа хьэпшып хъумапIэ шкафхэм ящыщ зым дыдогъэувэри, адэкIэ докIуэ. IункIыбзэIухыр быдэу тIыгъщ, а зэдгъэтIылъэкIам зыгуэр еIусэнуи, дэкIуэдыкIынуи дигу къэдмыгъэкIыххэу. СыткIи тщIэн, абы теухуауэ зы тхыгъэ щыфIэмылъкIэ?!**

ТЫКУЭН къызэIузыххэм цIыхум я тыншыгъуэ зезыхуэ яхэткъым, дэнэкIи щытепщэр иджырей щэнкъэщэхун мардэхэращи, псори зытелажьэр я жыпырщ. Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэныжыр а шкафхэм я IункIыбзэIуххэр зэрызэтехуэрщ. ХъумакIуэхэр къегъэувэкIащ жыпIэнщи, апхуэдиз цIыху зэблэкIым дэтхэнэра узыкIэлъыплъынур? Камерэхэр, дауи, фIэлъщ, ауэ ухуей хъуакъэ - бэлыхьу узыхэтынур нэхъыбэщ. СрихьэлIащ мыпхуэдэ зы Iуэху.

Налшык и бэзэр щхъуантIэм и Iэгъуэблагъэм ит «ZENDEN» тыкуэнышхуэм сыщIыхьауэ зы хъыджэбз гъыуэ щысу солъагъу - вакъэ къыхихар и лъакъуэм фIилъхьэху и щIыбагъымкIэ зригъэувэкIа сумкэр напIэзыпIэм Iуахри ежьэжащ. Абы щыгъуэми, тыкуэным щэхуакIуэу щIэтым нэхърэ кIэлъыплъакIуэрэ чэнджэщакIуэу щIэтыр нэхъыбэт. Хъыджэбзым гъын щIидзащ: ахъшэм нэмыщI сумкэм дэлъщ махуищ дэкIмэ итын хуей диплом лэжьыгъэр, паспортыр.

- Камерэм феплъ псынщIэу, - жаIэ тыкуэным къыщIыхьахэм.

- Онлайн мардэм тетущ дызэрылажьэр, - къопсалъэ хъумакIуэхэм ящыщ зыр... ЗыкIи жэуап тхьыркъым жыхуаIэщ. Апхуэдэ тыкуэн домбейр къалэкум къыщызэIузыхыфам видеокамерэм текIуэдэну ахъшэр цIыхум я деж щызрегъэзахуэ...

ШкафхэмкIэ дгъэзэжынщи, къызэрыщIэкIымкIэ, абыкIи зыми жэуап ихьыркъым - фыхуэмеймэ, дэвмыгъэувэ.

ЩэхуакIуэхэм я зэгухьэныгъэм я лъэпкъпсо конфедерацэм и правленэм хэт Сорк Дианэ а Iуэхум теухуауэ жэуап яритащ «Аргументы и факты» газетым и щIэджыкIакIуэхэм.

Тыкуэным фыщIыхьарэ, сумкэр фIыгъыу фыкIуэцIрамыгъэкIмэ, хъумакIуэр е менеджерыр къевджэу щыгъуазэ фщIыну фыхуитщ фи сумкэм дзыхь мыщI гуэр зэрыдэлъымкIэ икIи абыкIэ езыхэм жэуап яхьыну пщэрылъ зэращыфщIымкIэ. Абдежми фысакъ, а фызыщIыхьа тыкуэным щащэхэм хуэдэ гуэр нэгъуэщI щIыпIэ къыщыфщэхуауэ фи сумкэм дэлъмэ, евгъэлъагъу, федыгъуауэ жаIэу фамыгъэкъуэншэжын хуэдэу.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 • Тираж 2.039 • Заказ №1209